Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстон АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
МАЙ—
Зæрдæвæрæны
мæй
10
ЦЫППÆРÆМ
№ 90 (17772)

Аргъ 3 кап.

АДÆМЫ ЦЫТДЖЫН УÆЛАХИЗ

ФЫДЫБÆСТÆЙЫ СТЫР ХÆСТЫ СОВЕТОН АДÆМЫ УÆЛАХИЗЫ 45 АЗЫ ФÆДЫЛ КАДДЖЫН ÆМБЫРД МÆСКУЫЙЫ

1941—1945 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы Уæлахизы 45 азы фæдыл 8 майы ССР Цæдисы Стыр театры уыд Мæскуыйы фæллойгæнджыты минæвæрттыæмæ Мæскуыйы гарнизоны хæстонты кадджын æмбырд.

Залы — Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, Намысы орденты, æндæр хæстон ордентæ æмæ майданты, сабыр фæллойы тыххæй хæрзиуджыты кавалертæ, бæстæйы сæйраг горæты фæллойгæнджыты минæвæрттæ, цæдисон республикæты минæвæрттæ. Ам ма сты Мæскуыйы уæвæг дипломатон корпусы уæнгтæ, фæсарæйнаг уазджытæ.

Кадджын æмбырды архайдтой М. С. Горбачев, В. И. Воротников, Л. И. Зайков, В. А. Крючков, Е. К. Лигачев, Ю. Д. Маслюков, В. А. Медведев, Н. И. Рыжков, Н. И. Слюньков, Э. А. Шеварднадзе, А. Н. Яковлев, А. П. Бирюкова, А. В. Власов, А. И. Лукьянов, Е. М. Примаков, Б. К. Пуго, Г. П. Разумовский, Д. Т. Язов, А. Н. Гиренко, Ю. А. Манаенков, Е. С. Строев, Г. И. Усманов, И. Т. Фролов, ССР Цæдисы Президиумы Советы æмæ ССР Цæдисы хицауады уæнгтæ, Мæскуыйы æмæ Мæскуыйы облæсты разамонджытæ.

Ам ма сты зынгæ советон æфсæддон разамонджытæ, Варшавæйы Бадзырды архайæг падзахадты хъæуæнады министртæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ.

Æмбырд байгом кодта хæсты, фæллойы æмæ СССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты ветераны Æппæтцæдисон советы сæрдар Советон Цæдисы Маршæл Н. В. Огарков. Ацагътой Советон Цæдисы Гимн.

Азæлыд фанфарæты хъæлæс, залмæ æрбахаста Уæлахизы Тырыса.

Доклад «Хæсты æмæ Уæлахизы уроктæ» кодта М. С. Горбачев.

ХÆСТЫ ÆМÆ УÆЛАХИЗЫ УРОКТÆ

М. С. ГОРБАЧЕВЫ доклад

Мæскуыйы кадджын æмбырды

Зынаргъ æмбæлттæ!
Зынаргъ ветерантæ!

Райсом у нæ тæккæ ирддæр æмæ æрхæндæгдæр бæрæгбæттæй иу. 45 азы размæ уыцы уалдзыгон бон алы советон хæдзармæ дæр æрбацыд рагæй нæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы хабар: знаг дæрæнгонд æрцыд, рæстдзинад фæуелахиз.

Рæсугъд ныхæстыл нæ ауæрдтойæ, цины уыларты ленинтæнæг адæмтæ кад кодтой Сырх Æфсадæн, нæ адæмæн, Советон паддзахадæн кодта, уыцы дыууæфондзыссæдз милуанмæ ввахс адæмы.

Уыдон уыдысты, æдæппæтæй цалдæр дæс азы дæргъы, æртæ революцийыл, тынг зынаргъ слæууæ индустри æмæ коллективизацийыл æндæр зын фæлварынтыл чи ахызт, фæлæ Октябры идеалтыл, Советон хицаудзинадыл иудзинад чи бахъахъхъæдта, уыцы адæм. Знаг æрлæууыд, æнхъæл куыд нæ уыд, иумæйаг бæллæхы размæ афтæ æрбаиомуæвæг. Носов, И. Ф. Тевосян, Д. Ф. Устинов. Бæстæйы хъахъхъæнынадæн се 'сфæлдыстадон хъару радтой Е. О. Патон æмæ И. В. Курчатов, С. П. Королев æмæ В. П. Глушко, мингай советон ахуыргæндтæ.

Æнæ нæлгоймæгтæй чи баззад, уыцы æрдæгæхормаг хъæуты зæххы куысты æппæт уæз дæр æрæнцад салдæтты бирæ зындзинæдтæ бавзарæг идæздзыл, зæронд устытыл. Хæсты рæстæджы сылгоймæгтæ цытæ ничима зыдта, советон адæмыл цы зиантæ æрцыд, уыдон куыд æгæрон разындзысты, цы туг æмæ бæссытæ ныккалдтой, уыдонæй цы хъыджы фурд рауайдзæн, уый. Уæлахизы æрцыд фæдыл рæстдзинад сбæлæг кæнын йæхицæй уыдон фæлварæн. Пæ зæгъын абон дæр у зын. Фæлæ йын æмæ зæгъæ нæй, цæмæй ма мæскуыйнарæстæджыты 'хсæн бæстдзинад æмæ зæрдыл дæр дарынæй ма ныддур уæд дæндæртæ зæрдæтæ.

Сырх фæзы анвæй ралæууыдысты парады архайджыты цыппаркъуымонтæ. Абоны парад æндæрхуызон у. Æрыгон хæстонтимæ дзы ар хайынц, Уæлахиз чи æрхаста, йæ хъæддых фæллойæ Уæлахизы бон чи фæхæстæгдæр кодта, уыдон. Уæлахизы 45 азы бон бæрæг кæнгæйæ, мах хъуамæ ну уысм дæр ма рох кæнæм, нæ фыдæлтæ йæ цы стыр аргъæй балхæдтой, уый. Уымæ гæсгæ мах уæлдай арфæйагдæр стæм, Уæлахиз нын чи æрхаста, уыдонæй. Сæ хæстон æмæ фæллойадон сгуыхтдзинад кæддæриддæр уыдзæн советон адæмы удварны идеал.

Хæсты æмæ фæллойы ветерантæй абон бирæтæ сты бæрæгбоны трибунæты. Уыдонимæ фæллойадон коллективты, партион, советон æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ, наукæ æмæ культурæйы зынгæ архайджытæ. Советон адæмы сгуыхтдзинадæн кад скæнынимæ æрбацыдысты бирæ фæсарæйнаг уазджытæ. Варшавæйы Бадзырды архайæг бæстæты хъахъхъæнынады министртæ. Ам сты фæсарæйнаг бæстæты дипломатон минæвæрæдты сæргълæуджытæ.

Мавзолейы центрон трибунæмæ схызтысты М. С. Горбачев, В. И. Воротников, Л. И. Зайков, В. А. Крючков, Е. К. Лигачев, Ю. Д. Маслюков, В. А. Медведев, Н. И. Рыжков, Н. Н. Слюньков, Э. А. Шеварднадзе, А. Н. Яковлев, А. В. Власов, А. И. Лукьянов, Е. М. Примаков, Президентон Советы уæнгтæ.

Ам ма сты зынгæ советон æфсæддон разамонджытæ.

Спасскы мæсыгыл Кремлы куранттæ бацамыдтой дæс сахаты. Фанфарæтæ фехъусын кодтой: «Хъусут æппæт дæр!» Парад райдыдта ССР Цæдисы хъахъхъæнынады министр Советон Цæдисы Маршæл Д. Т. Язов райста парадæн командыгæнæг инæлар-булкъон Н. В. Калинины рапорт. Уый фæстæ æрзылд æфсæдтыл æмæ сын арфæ ракодта Уæлахизы 45 азы боны фæдыл. Дзуапп ын лæвæрдтой æртывæр «Ура!»-йæ.

Æфсæдтыл æрзилыны фæстæ Советон Цæдисы Маршæл Д. Т. Язов схызт Мавзолейы трибунæмæ æмæ раныхас кодта.

Зæлы Советон Цæдисы Гимн. Азæлыдысты артиллерион салюты æмæхстытæ.

Сырх фæзы сæрмæ райхъуыст барабанты гыбар-гыбур. Цæгъды иумæйаг оркестр. Базмæлыд æнæхъæн фæз. Сæ бынæттæй фенкъуыстысты полкъты æмæ батальонты цыппаркъуымонтæ. Райдыдта кадджын марш.

Сфидар уæвæг æгъдаумæ гæсгæ барабанщикты фæстæ кæддæриддæр фæцæуынц æфсæддон академиты ахуырдзаутæ. Фæлæ абоны парад сæрмагонд у. Ацы парады сæйраг хицæндзинад ис уый мидæг æмæ дзы архайы ветераны иумæйаг полкъ дæр: хæсты архайджытæ, сусæг куыстгæнджытæ, партизантæ, фæсчъылдымы хъазуатон фæллой чи кодта, уыдон.

Кадджын маршы æронбæттæны Мавзолеймæ базгъордтой дæс æмæ сæдзæй суворовоны æмæ нахимовоны. Уыдон дидинджытæ радтой советон паддзахады, Коммунистон партийы разамонджытæн, æфсæддон разамонджытæн.

Цасдæр рæстæг Сырх фæз аззад æдзæмæй, уый фæстæ райхъуыст сæдæгай моторты уынæр. Фæзмæ æрбахызтысты зындгонд танктæ «Т-34»-тæ, тагъд цæуæг «САУ-100»-тæ.

Сæ фæстæ цæуынц сармадзантæ, зындгонд «Катюшæ»тæ. Фæзы фæзындысты тæккæ нырыккондæр хæстон машинæтæ, сармадзантæ. Рацыдысты зенитон-ракетон æфсæдтæ. Æппынфæстаг фæзмæ рацыдысты оперативон-тактикон ракетæтæ. Уый уыд парады кæронбæттæн. Фæзыл æдæппæтæй ацыд хæстон техникæйы 429 иумæйаг.

Парады кæронбæттæны Мавзолейы цурты кадджын маршы ацыд æфсæддон музыкæйы минхъæлæсон оркестр.

Сырх фæзæй репортæж сарæзтой США-йы уацхæсджытæ В. Безбрежный, М. Захарчук, В. Хрустов.

СТЫР УÆЛАХИЗЫ НÆМЫНÆГГÆНГÆ РУХС

УÆЛАХИЗЫ 45 АЗЫ КАДÆН ПАРАД МÆСКУЫЙЫ

Абон æнæхъæн бæстæ кæй бæрæг кæны, уыцы бæрæгбон уæлдай зынаргъдæр у алы советон адæймагæн дæр, дунейы рæстæрдæ адæмтæн. Абон, æргомдзинады рæстæг, мах ног хуызы кæсæм историон цаутæм, кæнæм сын ног хуызы аргъ. Фæлæ нæ Уæлахизы ахъаззагдзинад кæддæриддæр уыдзæн бæрзонд æмæ, æмбал кæмæн нæй, ахæм, уымæн æмæ дзы баиу сты хæстоны хъæбатырдзинад, хæстон разамонджыты æмæ командирты дæсныдзинад, партизанты æмæ сусæгæй архайджыты лæгдзинад, куыдхуыты æмæ колхозонты æнæмбал хъæддых фæллой, интеллигенцийы хъуыдыйы диссаджы сырæзт.

Ацы бæрæгбон цыппор фæндзæм хатт бæрæг кæнгæйæ, махæн нæ цæстыты раз ногæй сысты æвирхъау цыппор фыццæгæм аз, гитлеронтæ Мæскуыйы бынмæ куы 'рбахæццæ сты, уыцы аз. Фæлæ уæддæр нæ адæмы ныфс нæ асаст. Суанг уæддæр нæ къух нæ систам фæткы хуызæн суæвæг бæрæгбоны парадыл.

Уый фæстæ уыдысты хæсты уæззау азтæ. Æмæ æрцыд Уæлахиз. Уый кадæн дæр сарæзтам парад.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Советон адæмы Уæлахизы 45 азы кадæн дæр арæзт æрцыд парад Мæскуыйы 9 майы.

фашистон хъыдманæй тохы хæстон хъæбатырдзинады тыххæй. Хæлæрты æмæ цæдисонты бузныгад, хæс сæххæст кæныны æнкъарæн, дунеон æмæ хæдзары хъуыддæгты хуыздæрыдæм фæзылдыл зæрдæдарæн пуцасдæр фенцондæр кодтой уæззау, фæстæмæ раздахæн кæмæн нал уыдис, уыцы знантæ.

1945 азы 9 май — нæ Уæлахизы бон, æппæтадæмон сæрыстырдзинады æмæ æппæтадæмон æрхæндæгдзинады бон. Æвирхъау, æгæрон тымæг хæсты фæуды бон.

45 азы хæстыфæстæйы Европæ, нæ бæстæ рæзынц сабыр æууæлты. Историмæ фæцæуы абухгæ XX æнусы генион зонды амындзинæдтимæ, егъау социалон ивддзинæдтимæ, наукæ æмæ техникæйы ахъаззаджы æнтыстдзинæдтимæ, космосмæ æмæ микродунейы сусæгдзинæдтæм сæмыгъдимæ. Æмæ уынимæ — йæ мæнг уырныдзинæдтимæ, æрцæуæн кæмæн нæй, ахæм хъуыдытимæ, тынг егъау хæлдтытимæ, дунеон хæстытимæ, мæлæты индустри саразынимæ, æппæтдæр бынсафæг хæцæнгæрзтимæ, экологон кризистæ æмæ электрон тых æгæр хæрынимæ.

Дыууæ æнусы арæныл цы æппæтон карз фарстатæ æвзæры, уыдон адæмтæй домынц прогрессæн йæхи ныхлæууджинад æмæ быцæутæ арфæй-арфдæр æмбарын.

Адæймаджы зонды æмбисонды уæлахизтæ, ахъаззаджы наукон ногдзинæдтæ æмæ техникон æнтыстдзинæдтæ нырмæ ну гæмæ дыууæ хатты нæ раздæхтысты се сфæлдисæг æмæ саразæджы — адæймаджы ныхмæ. Иæ пиллон арт æппæт дунейыл дæр кæмæн анхъæвза, уыцы тæккæ стырдæр бæллæх — хæст бавзарæг адæмтæн сæ бон нæуу йæ аргъил, фæстиуджытыл æмæ зондыхостыл нæ хъуыды кæнын.

х х х

Абон мах фыццаджыдæр мысæм, хæсты фæндæгтыл чи ацыд, уыдоны. Ис уыцы егъау æнæрастдзинад, æмæ нæй алкæйы дæр номæй-номмæ бацамоныны фадат. Егъау рæстдзинад у уый, æмæ æппæтæн дæр чи бафæрæзта æмæ чи нæ фæцудыдта, уыцы фæуæлахизуæвæджы ном у советон адæм.

1941 азы 22 июны хæсты бацæуын бахъуыд бирæгъусон истори, удыхъæды, культурон æмæ егъау материалон бынтæ кæмæ уыдис, лæбурдæкыты иу æмæ дыууæ хатты чи нæ ныддæрæн кодта, уæззау фæллойæ уæрæх быдыртæ чи бакуыста æмæ бану сæхи зынгæ æмæ бæллæхтæ ферохгæнæг кæнæ аргъæвæг адæмы ныхмæ.

Абон не 'мфыдыбæстæйæгты зæрдæтæ здæхт сты фронты уæвджытæм. Бæстæ, мах не 'ппæт дæр, цæрджытæ, уæлахизы тыххæй хæс кæмæй дарæм, уыдонæн се 'ппæтмæ дæр æмæ хицæнæй алкæмæ дæр.

Мах зæрдæбын арфæ афицертæ æмæ инæлартæн, ротæтæ æмæ батальонтæ атакæмæ чи стын кодта, полкътæ æмæ дивизитæ хæстмæ чи кодта, уыдонæн.

Мах æнæкæрон бузныг стæм Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмбисонды хæстон разамонджытæй — хæстон хъуыддаджы гени Г. К. Жуковæй, А. М. Василевскийæ, К. К. Рокоссовоскийæ, Н. Ф. Ватутинæй, Л. А. Говоровæй, И. С. Коневæй, Р. Я. Малиновскийæ, К. А. Мерецковæй, С. К. Тимошенкойæ, Ф. И. Толбухинæй, И. Р. Черняховскийæ, В. Ф. Трибуцæй, И. Х. Баграмянæй А. И. Еременкойæ, Н. Г. Кузнецовæй, А. И. Антоновæй, Б. М. Шапошниковæй, æндæр хæстон разамонджытæй, фронттæн, флоттæн, æфсæдтæ æмæ корпустæн командыгæнджытæй.

Абон мах фылдæрæй-фылдæр зонæм не сгарджыты сгуыхтдзинады тыххæй, уыдоны фæрцы æмбылд æрцыдысты бирæ тохтæ æмæ æгасæй баззадысты бирæ адæм.

Æмбæлгæ аргъ скæнæм партизантæ æмæ сусæгкуыстгæнджытæн — уыцы хъæбатыр æмæ ныфсджын адæмæн.

Райгуырæн бæстæйы хъахъхъæнджытæ уыдысты, салдæтты цинелтæ æмæ афицеры дарæс кæуыл уыд, ахæм кусджытæ, зæхкусджытæ, интеллигенттæ. Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджытæ уыдысты уыдон дæр заводты сæрмагонд дарæсы, телогрейкæты, ихсыд пиджакты. Намыс сын!

Хæсты азты æнувыд фæллой ноджыдæр ма ну хатт равдыста, советон адæм курдиæттæй куыд хъæздыг сты, уый. Цытджын Уæлахизы азфыстмæ æмбæлгæ хуызы бацыдысты бирæ ахуыргæндты, хæцæнгæрзты æмæ хæстон техникæйы конструкторты, промышленносты разамонджыты нæмттæ. Уыдон сты В. Г. Грабин, В. А. Дегтярев, С. В. Ильюшин, Ж. Я. Котин, С. А. Лавочкин, А. А. Микулин, В. М. Петляков, А. Н. Туполев, Г. С. Шпагин, А. С. Яковлев. Промышленносты адæмон комиссартæ æмæ æндæр разамонджытæ Б. Л. Ванников, Н. А. Вознесенский, А. П. Завенягин, И. М. Зальцман, А. Н. Косыгин, В. А. Малышев, Г. И. Сæрибар куыд сæхицæн, афтæ æппæт адæмтæн дæр. Уæдæй нырмæ рацыд дзæвгар рæстæг, фæлæ уыцы азтæ нæ адæмæн рохгæнинаг не сты. Æмæ сæ, раст зæгъгæйæ, рох дæр нæ кæнынц. Уыцы Уæлахизы уалдзæг нæ адæм фæлтæрæй- фæлтæрмæ дæттынц кæрæдзимæ. Уыл нæ хистæртæ хъомыл кæнынц сæ кæстæрты.

...9 май, 1990 аз. Орджоникидзе. Бæрæгбонарæзт уынгтæ æмæ фæзтæ. Алыран дидинджытæ. Райсомы 10 сахатыл Сæрибары фæз байдзаг адæмæй. Ам æфсæддонтæ рæнхъытæй рæсугъд ралæууыдысты æмæ райдыдта парад. Трибунæйæ хъуысынц бæрæгбоны арфæтæ, зæлынц оркестры зæлтæ. Парады архайджытæ — афицертæ, курсанттæ, хæсты ветерантæ — сæ ных сарæзтой В. И. Ленины фæзмæ. Уыдон ам хъуамæ сæвæрдтаиккой дидинджытæ революцийы фæтæг — В. И. Ленины цыртдзæвæныл.

Уæдмæ та нæ цыбыр интервьютæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантимæ.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон поэт, хæсты ветеран **ХЪАЙТЫХЪТЫ Геор:**

— Абон у стыр Уæлахизы бæрæгбон. Уый руаджы нæм æрцыдысты нæ иннæ уæлахизтæ. Искæмæн арфæ куы фæкæнын, уæд ын афтæ фæзæгъын: «Хæст мæкуыуал уæд!» Уый у мæ хуыздæр арфæ, æмæ йæ абон æгас дзыллæтæн зæгъын. Абоны бæрæгбоны тыххæй та ныффыстон æмдзæвгæ. Мæнæ дзы скъуыддзаг:

Æгас нæм цæуай
Уæлахизы бон,
Æнæниз нын уай
хъæбатыр хæстон.
Нæ йæ зонæм цы,
нæу адæмæй рох,
Дæ тыхы фæрцы
нæ ракалди хох,
Нæ басыгъди зæхх,
нæ байсыстн дон.
Фæцæр нын дзæбæх
хъæбатыр хæстон.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон поэт, хæсты ветеран, отставкæйы гвардийы дæлбулкъон **ПЛИТЫ Грис:**

— Хæстæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ фæцыдтæн. Цыдæридæр уæззау æмæ æвирхъау митæ сарæзтой уыцы лæгсыртæ, уыдон мæхæдæг федтон. Уæззау уыд нæ бæстæйæн, фæлæ советон адæм иумæйагæй хъæддых фæлæууыдысты æмæ фæуæлахиз сты.

Абон фæсивæды 'хсæн бирæ фæзынд ахæмтæ, кæцытæ раст не 'мбарынц партийы, Советон хицауады политикæ. Зæгъынц, зæгъæ, фæсарæнты, Америчы цард хуыздæр у. Махмæ та, дам, ныр нæ рацарæзтыл фондз азы рацыд, фæлæ хорзырдæм ивддзинæдтæ нæма зыны. Раст у, фæсарæнты хуыздæр, хъæздыгдæр цæрынц. Фæлæ цæй фæрцы? Уымæн æмæ уым хæст нæ цыд. Æфсæддон хъуыддæгтыл уыйбæрц нæ хардз кодтой. Уыдæттæ хъуамæ нæ рæзгæ фæсивæд æмдзæвгæ.

(Дарддæр 3 фарсыл).

УÆЛАХИЗЫ УАЛДЗÆГ

БÆРÆГБОНЫ КАДÆН

Фæскомцæдисон парчы рæсугъд æрдзы уыдис æвзонг туристты æмбырд не Стыр Уæлахизы 45 азы кадæн. Уырдæм, сæ фыццаг æмбырдмæ, æрцыдысты горæты профессион-техникон училищеты туристон къордтæ.

Райсомæй 10 сахаты..: Æмбырды уæвджытæ æрлæууыдысты калджын линейкæйы. Цыбыр арфæйы ныхас ракæныны фæстæ йæ байгом кодта туристон базæ «Бæлцон»-ы директор Кацанты Хетæг. Тыхджын къухæмдзæгъдимæ хæрдмæ систой Сырх тырыса — æмбырды райдайæны нысан.

Ерыстæ райдыдтой алыхуызон цæлхдурты сæрты гæпп кæнынæй. Дыккæгæм сæрмагонд профессион-техникон училищейы лæппутæ Ходы В., А. Абдуламеев, Хъантемыраты К. æмæ иннæтæн бахъуыд нымад минуттæ, цæмæй рæвдз айтыгътаиккой цатыр, донæн йæ иу былæй иннæмæ бæндæныл абырыдаиккой, уый фæстæ дзыхъхъытæ, къуыппытæ кæм уыд, ахæм фæндагыл 600 метры аэгъордтаиккой кæронмæ.

Æрмæст чызджытæ кæм уыд, уыцы командæтæй сæрæндзинад æмæ рæвдздзинад равдыстой 4-æм профтехучилищейы ахуыргæнинæгтæ Датиты Р., Засеты А., И. Жукова, Токаты З. æмæ иннæтæ.

Ерысты бæрæггæнæнтæ бахынцгæйæ, лæппуты къордты 'хсæн фыццаг бынат бацахста 2-æм сæрмагонд профессион-техникон училищейы командæ, чызджыты командæты æхсæн та 4-æм профессион- техникон училищейы туристты къорд.

Фæуæлахизуæвæг командæтæн калджын линейкæйы саккаг кодтой кубоктæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ.

М. С. ГОРБАЧЁВЫ ДОКЛАДÆМÆ—

(Райдайæн 1 фарсыл).

Аккаг кад скæнæм, хæстон ардбахæрдыл иузæрдионæй чи баззад, граждайнаг кад чи нæ фесæфта, суанг гитлерон хъизæмардæтты дæр Райгуырæн бæстæйыл дарддæр чи тох кодта, æппæт уыдонæн.

Нæ ферох кæндзыстæм, æфсымæрон интеллигенты æвæрæгæй чи хуыссы, æвæрæгæй, фæлæ йæ кад бахъахъхъæнгæйæ, хæсты тымыгъты чи фесæфт, уыдоны дæр.

Нæ сæртæ æруадзæм, цæфты, сылгоймæгты, сывæллæтты, зæрæдты ирвæзын кæнгæйæ чи фæмард, уыдоны номы раз.

Æрæмысæм, нацистон æрбалæвурд кæй хъысмæттæ ныссаста, кæмæн ницыуал нывуагъта, уыдоны се 'ппæты дæр.

Ацы, Уæлахизы фондз æмæ дыууиссæдзæм азы уалдзæг æрæмысæм, бирæ дæсгай азты кæй кой нæ кодтам, æнæзакъонæй йæ сыгъдæг ном æмæ граждайнаг бартæ ист кæмæн æрцыдысты, лагерты кæй бакодтой, уыдоны. Цъыф кæуыл фæкалдæуыд, æнаххосæй кæмæн стæрхон чындæуыд, хъахъхъæнджытæ цæст кæмæ дардтой, уыцы адæм дæр сæ хай хастой Уæлахизмæ, къаэтой Воркутайы дурæвзалы, калдтой Сыбыры хъæд, амал кодтой Магаданы згъæр æмæ сыгъзæрин.

Аккаг аргъ скæнæм, «шарщкæтæ» кæй хуыдтой, сындæджы телты мидæгæй науқоп-иртасæн институтты æмæ конструкторон бюроты чи фæллой кодта, уыцы инæнертæн, техниктæн, конструктортæн. Сæ бæллæхы хъысмæт ницæмæ даргæйæ, хуыл нæ ауæдгæйæ, уыцы адæм куыстой Уæлахизæн.

Мах ногæй дзурæм куыд ардбахæрд: ничи ферох æмæ ницы ферох. Уый маст райсынмæ сидт нæу. Уый дзуры, адæймагæй адæймаг чи кæны, зæрдæйы уыцы мысинаг. Æвæдмысинæгтæнгæ у, æлгъаг знагæй Фыдыбæстæ хъахъхъæнгæйæ, кад чи нæ агуырдта, фæлæ хъæддыхдзинад æмæ ныфсæй йæхи æнæмæлгæ чи скодта, уыдоны намыс.

Курын æмæ сбадут, æмбæлттæ,

[illegible], судзаг æцегдонтæ. Дис кæнын æмбæлы, уæды цауты инæуыд рæстæджы хуыны дзурын нæ бон кай нæу, гуыл? Уыдон сты нацизмы æнæфæхицæнтæ, дунеæ нæ цæстæнгас, махæн базайдзысты, ацы æхсыз рæстæмæ мæнæ цы у, уый бæрæгбæттæй.

* * *

Уæлæ зондыхостæ ферох кæнын æмæ æнæхъуыды кæнгæйæ, æлгъитæ кодтой, уыдоны дзыхтæ æрæмбырд кæнын.

1941 азы уалдзæгæй фæстæмæ Сталин иудадзыг ис-та хъусынгæнинæгтæ цы балæвурд цæттæгонд цæуы, уый рæстæджы æмæ суанг вермахты сæйраг цæфтæ кæцырдæм арæзт уыдзысты уый тыххæй. Фæлæ уымæ хуыздæр каст нымайын Скæсæнмæ Германы балæвурдмæ цæттæдзинады уавæр нæ, фæлæ стыр хæстмæ мах цæттæгонд кæй не стæм, уый. Раст цыма ныхас, йе 'мхъазæг фæйнæджы уæлхъус кæд æрбаддзæн æмæ турниры сахаты джыбы нылхъывынмæ цæттæ кæд уыдзæн, хъазæджы уымæ банхъæлмæ кæсын кæм хъæуы, шахмæтты ахæм партийыл цыдис, уыйау.

1941 азы апрелы — майы вермахт æрлæууыд балæвурæн бынæтты Баренцы денджызæй Сау денджызы онг æппæт арæныл дæр, Сталин та æппæтæй дæр домдта, цæмæй сæхи дарой, цыма ницы цæуы, афтæ. Кæнгæ фидар зæрдæйæ раст зондыл фылдæр чи æууæндыд, уыдоныл та «ардауджытæ» æмæ «адæмы знæгты» гакк æнæ-рын. Цы фæстиуджытæ дзы æвзæрд, æппæт уыдонимæ.

Суанг 22 июны бæстæйыл цы пиллон уад сыстад, уый дæр Сталины нæ фæкъаддæр кодта йæ хиуарзондзинад æмæ уæд та йæхæдæг йæхицæн нæ басаст. Гитлер æй зыгуымæй асайдта, уыл Иæ фыццаг фезмæлд уыдис бардзырд раттын — паддзахадон арæны сæрты ма бахизын: «Кæд уый уæддæр у хæст нæма, фæлæ быцæу».

Хæстмæ æнхъæлмæ кастысты. Уымæ цæттæ кодтой, Æмбæлттæ та йыл скодтам уданстæй, цы 'рцыд, уый нæ бынтон æдзæттæйæ куы æрæййæфтаид, уыйау.

Тынг уæззау уыд Сырх Æфсадæн хæсты райдайæны фæстиуæг—милуангай мæрдтытæ, цæфтæ, æбæрæгæй фесæфдыстæ æмæ знагмæ уацары бахауджытæ. Махæй фæхъуыдысты ахсджиагдæр промышленнон центртæ æмæ хъæууонхæдзарадон районтæ. Знаджы къехты бынмæ бахаудтой æппæт Украинæ, Белорусси, Молдави æмæ Прибалтикæ, Уæрæсейы Федерацийы къорд облæсты.

Уый тыххæй Сталины æнæмæнджы — аххосы тыххæй дзургæйæ, раст нæ уаид, кæд нæ историон рæстдзинады цæстæй кæсын фенды, уæд, Сæйраг командыгæнæджы, Хъахъхъæнынады паддзахадон комитеты сæрдары бынаты йын йе 'ппæт арæхдæр нæ хъæуы. Æрæгрон хицаудзинад æм уæвгæйæ, уый фæндаей арæзта уынаффæйады æгæр централизацигонд сæрмагонд уаг, уымæн уыцы тынг вазыгджын æууæлты уыдис йæхи ахадындзинад.

Фæлæ, бафтаудзынæн ма, уый уыдис æрмæстдæр уынаффæйæ, æмæ техникæ нæрдæгæй æгъдауæй æууæлты æрæмбырдгонд æмæ æнæуынондзинадмæ кæнæ тæппуддзинадмæ нæ бахъуыдаид, уæд.

Хæсты зондыхостыл хъуыды кæнгæйæ, алы хатт дæр ныхъхъуыды кæныс, уæддæр цы лæууыд нæ Уæлахизы бындуры, зæгъгæ.

Уæд, 41-æмы, æнæрцæугæ диссаг кастис, не 'фсæдтæ æмæ ополченецтæ немыцаг æфсæдты тыхджын æмæ уынмæ уæлахизтæй разæнгардгонд къорд сæйраг горæты бынмæ бауромын куыд бафæрæзтой, уый. Æниу æмбисондау нæ фæкаст дунемæ фашистон æфсæдтæ Сталинграды бынмæ ныддæрæн кæныны! Бирæтæ афтæ куы ны мадтой, æмæ немыц Волгæмæ кæй бахæццæ сты, сæ къухы бæстæйы европайаг хайы æмбис куы бафтыд, уæд нæ хъахъхъæнынады фæрæзтæ фесты æмæ ССР Цæдис састы бынаты æнæмæнг баззайдзæн.

Сæ зæрдæ ма æрмæстдæр ныхъхъуырд дæттæг Уæрæсейыл чи дардта, уыцы адæм фесты зæрдæсаст æмæ уынмæ цæттæ уыдысты миназон «рейхы» æлдариуæгадыл сразы уæвынмæ. Уыйас æнæнхъæлæджы дæр, уыйас диссагдæр уыдис уыцы хабар, æмæ мах æфсæдты бон бацис Паулюсы æфсæдтæ æмæ йын æххуысмæ тагъдгæнæг Манштейны æмæ Готы къордтæ ныффалгæрон кæныны, уымæй æппæт дыккаг дунеон хæсты дæр цæхгæр фæзылд саразгæйæ.

Уыцы æнахуыр цауты мидисæн æнæуыл бæрцбарæнтæй аргъ скæнæн кæй нæй, уый сæвзæрын кодта, цæмæ гæсгæ æрцыдысты, уыцы домбай тыхтæ, уыцы ныфс бамбарыны æнæкæрон фæлтæрæнтæм. Уымæ иумæ — алыхуызон хъуыдытæ æмæ æрæмысæггæртæ, уыдонимæ, хиуарзон политикон нысантæй чи 'взæры, ахæмтæ дæр.

Уыцы нысантимæ стынг кодтой, йæ рæстæджы Уæрæсейæ Наполеоны «æмбисонды æфсад» фæсурынæн цы æфсæнттæ амыдтой, æппæт уыдонæй. Уыдон — æнæкæрон уырыссаг быдыртæ дæр, уыдон домдтой æфсæдтæ тынг нытътъæнг кæныл, размæбырсæг æфсæдтæ сæ фæсчъылдымæй фæхицæн кæныл. Уый — Уæрæсейы фæндæттæ кæй нæ уыд, уый дæр. Æмæ «йæ бæрзонддзинад хъыст» дæр. Уый æдзухдæр æххуыс кодта уæрæсæгтæн.

Фæстаг рæстæг тынгæйтынгдæр пропагандæгонд йæ уыцы хъуыды цыма Уæлахиз къухы бафтыд сæйрагдæр, цыфæнды аргъ дæр ыл бафидынмæ цæттæ кæй уыдыстæм, уый фæрцы, Ома, лæгдзинадæй нæ, ныфсæй нæ, зонд æмæ æрхъуыдыйæ нæ, фæлæ нунæг «стыр тугæй».

Цы зæгъынмæ хъавынц, уый цæст æнцонæй ахсы: дзæгъæлы хъахъхъæдтой Москуы æмæ Ленинград, Киев æмæ Одессæ, Смоленск æмæ Севастополь, фондыссæдзгай æндæр горæттæ. Бафæсмон хъуыдис, адæмы, архитектурон хъæздыгдзинæдтæ тæссаг бынаты ма бынæттæ æнцайы мæнг бындурыл, адæм йæ фарс нæ хæцынц.

Æцæгдзинадæй Гитлер йæ ныфс бахаста хæст дыууæ фронты райдайынмæ, уымæй Клаузвицы æмæ Бисмаркы ныстуан ницæмæ æрдаргæйæ, æрмæстдæр уыл фидар æууæнкмæ гæсгæ, æмæ германаг æрдонгтæ куы 'рбалæурой, уæд не 'хсæнæгфæдих уыдзæн дыууæ хуыз — социалон æмæ национлон миниуджытæм гæсгæ. Нæ рауад иу дæр, иннæ дæр. Рауад бынтон æндæрхъуыддаг — советон адæм арбангом сты се 'ппæтæн дæр иумæйаг бæллæхы размæ: зонд æмæ зæрдæйæ бабæрстой, уый кæй у сæ фæвæзыны иунæг хос. Уый сæ германаг æфсады æнæмæнджы ныддæрæны фыццаг æмæ тæккæ ахсджиагдæр разæууæл. Дарддæр ныхас цыдис æрмæстдæр уыл, кæд æмæ куыд æрцæудзæн уыцы хъуыддаг.

Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бирæмилуанон бæстæйы разыдис. Советон хицаудзинадмæ æнæуынондзинадмæ гæсгæ знаджы фарс чи фæцис, ахæм адæймæгтæ. Æнæпайда æмæ худинаг сты гадзрахатæй цæуджыты сраст кæныны, сталинон хицаудзинады æнамонд амæттæгтæй кæнинод та сæ суанг «сæрибарыл идейон тохгæнджытæй» равдисыны фæлтæрæнтæ. Знагæн лæггад кæныныл сразы уæвынæй æмæ хи адæммæ хæцæнгарз сисынæй æлгъагдæр фыдраконддзинадмæ нæй.

Фæлæ Гитлер æмæ йе 'мхъуазæттæ цы фæхицæныл сæ зæрдæ дардтой, уый нæ рауад. Адæмæй фæхицæн æмæ йыл гадзрахатæй рацыд æцæгдзинадæй бынтон гыццыл хай. Адæм равдыстой, арæх чи нæ бæййы, ныфсы ахæм нудзинад. Кæд æфхæрдтытæ æмæ нæразыуæвджытæ уыдис — ахæмтæ та уыдис фагæй фылдæр, — уæд æппæт уыцы тæргæйттæ, чи зоны, суанг æнæуынондзинад дæр æвæрд æрцыдысты иуварс. Уымæн æмæ алы нывыл адæймагæн дæр æппæтæй зынаргъдæр у хи бæстæ, хи фыды хæдзар, хи мад æмæ сывæллоны бахъахъ[illegible]ын.

Иу рæнхъы слæууыдысты, революцийæ чи рамбылдта, Советон хицаудзинад сæ уарзон хицаудзинадыл чи нымадта, уыцы милуангай фæллойгæнджытæ, æмæ, уыцы революци йæ исбон æмæ уавæр кæмæн байста, æппындæр кæмæн ницыуал иыуагъта, уыдон дæр.

Иу рæнхъы слæууыдысты, куыд ирвæзынгæнæг, афтæ Сталинæн табутæ чи кодта, уыдон дæр. æмæ йæ, куыд удхор, афтæ чи 'лгъыста, уыдон дæр. «Фыццаг уынаффæйæ æмæ фыццаг æгъдауæй æууæлты æрæмбырдгонд æмæ æнæуынондзинадмæ кæнæ тæппудзинадмæ нæ бахъуыдаид, уæд æмæ æрмæстдæр

чи фæллой кодта, уыцы инженерæн, техникæн, конструкторæн. Сæ бæллæхы хъысмæт инцæмæ даргæйæ, хицыл нæ ауæрдгæйæ, уыцы адæм куыстой Уæлахизæн.

Мах ногæй дзурæм куыд ардбахæрд: ничи ферох æмæ ницы ферох. Уый маст райсыммæ сидт нæу. Уый дзуры, адæймагæй адæймаг чи кæны, зæрдæйы уыцы мысинаг. Æнæмынæг гæнгæ у, æлгъаг знагæй Фыдыбæстæ хъахъхъæнгæйæ, кад чи нæ агуырдта, фæлæ хъæддыхдзинад æмæ ныфсæй йæхи æнæмæлгæ чи скодта, уыдоны намыс.

Курын æмæ сбадут, æмбæлттæ,

Мастгæнаг, судзаг æцæгдзинад. Дис кæнын æмбæлы, уæды цаутыл ивгъуыд рæстæджы хуызы дзурын нæ бон кæй нæу, уыл? Уыдон сты нæхицæн æнæфæхицæнгæнгæ, дунемæ нæ цæстæнгас, махæн баззайдзысты, ацы зæххыл раст æмæ мæнг цы у, уый бæрцбарæнæй.

* * *

Хæсты зондыхостæ ферох кæнын амонид гадзрахатæй хицыл дæр æмæ нæ йæ риуæй чи бахъахъхъæдта, ныр фойдз æмæ дыууиссæдз азы чи хуыссы æмæ мах кæй хъахъхъæнæм, уыдоныл дæр гадзрахатæй рацæуын. Цы ног фæлтæртæ æвзæра, уыдон, къухы æбуалгъ артæй чи бафтыд, æнæ уыцы фæлтæрддзинадæй ныууадзын.

Уæлахизы бон раст хъуыддагыл сæ цард ратдзыты ном ссарынмæ кæнд хуынд нæу, стæй бæрæгбæтты æфсон дæр нæу. Уый ма у, дыккаг дунеон хæст чи хуыйны, уыцы бæллæхы аххосæгтыл ахъуыды кæныны уысм дæр. Хъарм æмæ рухсæй æппæтæн дæр æмхуызон рæдау, æнæ хæстæй дунейыл нуæрдиондзинады тыххæй декларацi рæстæрдæ у, уый бæрæггонд куы цæуы, уыцы бон.

Куыд рауад афтæ, æмæ Советон Цæдис, «фашизм — уый хæст у!», зæгъгæ, уыцы сидт фыццаг кæмæй райхъуыст, гермайнаг нацисттæ æмæ япойнаг милитаристтæ адæмтæн кæй хастой, уыцы тасдзинæдтæм адæмты цæстытæ байгом кæныны тыххæй иннæтæй фылдæр чи архайдта, уый йæхæдæг æрбалæбурдæн ныхкъуырд раттынмæ афтæ æвзæр кæй бацæттæ кодта, уый? Цы уыдысты не 'вирхъау зианты æмæ хæлдтыты æфсæнттæ? Не 'фсадæн афтæ зын цæмæн рауад рейхстадæы сæрмæ Уæлахизы тырыса ныссадзынмæ фæндаг?

Мах ногæй æмæ ногæй здæхæм уыцы сæйрагдæр фарстатæм, уымæн æмæ нæ зонд æмæ æфсарм нал фидауынц раздæры æнæххæст, афæх та æнæраст дзуаппытимæ.

Фыццаг дунеон хæст равдыста, тыхы политикæ кæй ницы лыг кæны, æрмæстдæр кæй куырмæлхынцъ кæны быцæутæ. Фæлæ империализм уæддæр архайдта тыхми æмæ лæбурды зондахастæй. Хæцæнгæрстæ хæлофæй аразынæн кæрон скæныны рæсугъд æгъдæуттæ æмæ æгъдæутæ. Ивæви нæ, уый фæдыл. Ивæви нæ, уый фæдыл. Иууылдæр рæстæгмæ æрыгон æмæпайда нæу, уый дæтты фидæны æрхъуыдыдзынæдтæ æмæ æгъдæуттæ. Фæлæ, уæдæ, бæлвырд у, цауты цыд кæй уыдаид бынтон æндæр, Чемберлен æмæ Даладье лæвæрдтой «æрсабыр кæныны» политикæйы хæст куы нæ уыдаиккой. Герман æмæ Советон Цæдис кæрæдзийы тыхтæ басæттдзысты æмæ уæд хи фæнд атæрæн уыдаиккой. Европæйы дæр, зæгъгæ, уыцы æвирхъау нысан сæм куы нæ уыдаид, уæд.

Фæлæ уæддæр хæст бауромыны гæнæнтæ тынг чысыл уыдысты. Æнæмæнг, не 'руадзæн уыдис, гитлерон æрдонгты æрбалæвæрд нæ бæстæйæн цы фыдбæллæх разынд, уымæн.

ССР Цæдисы адæмон депутатты дыккæгæм Съезд принципиалон аргъ скодта, Польшæмæ нацистты балæвæрдæй къуыри раздæр арæзт чи 'рцыд, уыцы советон-германаг бадзырдæн кæрæдзимæ нæ балæвæрыны тыххæй. Ногæй нал дзурдзынæн. Зæгъдзынæн æрмæстдæр уый, æмæ хæсты нæ бацæуын егъау политикон æмæ удыхъæуы егъау хæрдзтæй къухы кæй бафтыд, уый бынсæфт бацис рæдыдтытæй.

Бирæ конд æрцыд Сырх Æфсад авиацийæ, танктæй, артиллерийæ сифтонг кæнынæн. Фæлæ немыцаг техникæйæ æвзæрдæр чи нæу, афæм ног техникæ, — зæгъынæн æгъгъæд у танк Т-34 кæнæ штурмовик Ил-2, — æфсæдтæм цæуын байдыдта 1940—1941 азты салдæттæ æмæ дзы афицертæ пайда кæнын цæмæй базыдтаккой, уый тыххæй та сæ ахуыр кæнын хъуыдис бирæ мæйты дæргъы.

Уавæр уæлдай æвзæрдæр фæцис уымæй, æмæ не 'фсады сæр æрцыд къуырд командон кадрты æвирхъау сæфтæй. Æфсæдты, корпусты, дивизиты, бригæдты æмæ суанг полкъты командыгæнджыты сисгæйæ æмæ æрцахсгæйæ, Сталин фехæлдта бæстæйы хъахъхъæнынадон уынаффæйады æппæт уаг дæр. 40 мин афицеры бæрц уæд æрцыдысты кæнæ мард, кæнæ ахст. Æфсад та æнæхъуыддагзонæг командыгæнынадæй цы у, уый рабæрæг суанг 1941 азы размæ. Раздæр цад Хасаныл. Уый фæстæ Финляндиимæ хæсты. Æмæ, æппынфæстаг, Халхин-Голыл, цалынмæ япойнаг лæбурджыты ныхмæлæууæг советон-мангойлаг къорды командыгæнæгæй Г. К. Жуков æвзæрд æрцыд, уæдмæ,

Тынг æвзæрыгдæм фæзынд сгарджыты бæрæггæнæнтæн æмбæлгæ аргъ нæ кæнын дæр, уый руаджы немыцаг командыгæнынадæн йæ бон бацис æххæстæй ахæм мадзалæй спайда кæнын, куыд æвиппайды балæбурд, сæйрагдæр ран уæлдай фылдæр æрмæстдæр уымæн, æмæ сæ зæрдæ дардтой уадау хæстыл. Уыцы зæрдæдарæнтæ та арæзт цыдысты политикæмæ гæсгæ, æмæ æппæты разæй уыцы хъуыдыйыл, æмæ Советон хицаудзинад æмæ æрæмысæггæттæ, уыдонимæ, хиуарзон политикон нысантæй чи 'взæры, æгæмæ дæр.

Уыцы нысантимæ стыг кодтой, йæ рæстæджы Уæрæсейæ Наполеоны «æмбисонды æфсад» фæсурынæн цы æфсæнттæ амыдтой, æппæт уыдонæй, Уыдон — æнæкæрон уырыссаг быдыртæ дæр, уыдон домдтой æфсæдтæ тынг нытътъанг кæныны, размæбырсæг æфсæдтæ сæ фæсчъылдымæй фæхицæн кæныны. Уый — Уæрæсейы фæндæттæ кæй нæ уыд, уый дæр. Æмæ «йæ бæрзонддзинад хъызт» дæр. Уый æдзухдæр æххуыс кодта уæрæсеæгтæн.

Фæстаг рæстæг тынгæйтынгдæр пропагандæгонд æвзуы уыцы хъуыды цыма Уæлахиз къухы бафтыд сæйрагдæр, цыфæнды аргъ дæр ыл бафидынмæ цæттæ кæй уыдыстæм, уый фæрцы, Ома, лæгдзинадæй нæ, ныфсæй нæ, зонд æмæ æрхъуыдыйæ нæ, фæлæ иунæг «стыр тугæй».

Цы зæгъынмæ хъавынц, уый цæст æнцонæй ахсы: дзæгъæлы хъахъхъæдтой Мæскуы æмæ Ленинград, Киев æмæ Одессæ, Смоленск æмæ Севастополь, фондзыссæдзгай æндæр горæттæ. Бафæзмын хъуыдис, адæмы, архитектурон хъæздыгдзинæдтæ тæссаг бынаты ма баппарыны тыххæй сæ центртæ немыцаг раттын хуыздæрыл чи банымадта, уыцы «ахуыргонд» ныгуылæневропæйаг бæстæтæ.

Фæлæ уæд кæй уыданд Уæлахиз дыккаг дунеон хæсты?

Æз ницы хуызы разы дæн ахæм æрæмысæггæгтимæ. Уыдон баст не сты æцæгдзинадимæ, сæ мидисмæ гæсгæ æфхæрæн сты мах æфсад æмæ адæмæн, фашизмы ныхмæ иннæ адæмты тохæн.

Уый æппындæр афтæ нæ амоны, æмæ мах хъуамæ ногæй æрлæууæм мæнг патриотизмыл æмæ историйы ма сæттæм, уынын нæ дзы цы нæ фæндид, нæ кадыл цы зыны, æппæт уыдæттыл.

Стыр хъыгимæ басæттын хъæуы, политикон разамынды æмæ хæстон командыгæнынады сæрызонды бынат кæй нæ уыд стратегион æмæ тактикон хæстытæ къаддæр зианты хардзæй сæххæст кæнынмæ тырнындзинадæн. Афæх, уæлдайдæр фыццаг рæстæджыты, уæлахиз кодтам арæхстдзинадæй нæ, фæлæ бæрцæй. Милуангай адæймæгты цардæй фидын бахъуыд, хæстмæ цæттæ кæнгæйæ æмæ æрбалæбурджытæн ныхкъуырд аразгæйæ цы рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уыдонæн.

Мæнмæ гæсгæ, Уæлахиз къухы бафтыд сæйрагдæр æндæр хъуыддæгтæм гæсгæ. Сæ сæйрагдæр уыдис уый, æмæ хæсты бæстæйы бацыдис æцæг адæмон мидис.

Гитлерон иннæлартæ уыдысты хъуыддаг уæлæнгæйттыл зонджытæ æппындæр нæ, фæлæ тынг дæсны хæстон специалисттæ. Кæд æмæ уæрæсеаг хъызтытæн æмбæлгæ аргъ не скодтой, уæд æрмæстдæр уымæн, æмæ сæ зæрдæ дардтой уадау хæстыл. Уыцы зæрдæдарæнтæ та арæзт цыдысты политикæмæ гæсгæ, æмæ æппæты разæй уыцы хъуыдыйыл, æмæ Советон хицаудзинад æмæ æрæмысæггæттæ, уыдонимæ, хиуарзон политикон нысантæй чи 'взæры, æгæмæ дæр.

Уыцы нысантимæ стыг кодтой, йæ рæстæджы Уæрæсейæ Наполеоны «æмбисонды æфсад» фæсурынæн цы æфсæнттæ амыдтой, æппæт уыдонæй, Уыдон — æнæкæрон уырыссаг быдыртæ дæр, уыдон домдтой æфсæдтæ тынг нытътъанг кæныны, размæбырсæг æфсæдтæ сæ фæсчъылдымæй фæхицæн кæныны. Уый — Уæрæсейы фæндæттæ кæй нæ уыд, уый дæр. Æмæ «йæ бæрзонддзинад хъызт» дæр. Уый æдзухдæр æххуыс кодта уæрæсеæгтæн.

Фæстаг рæстæг тынгæйтынгдæр пропагандæгонд æвзуы уыцы хъуыды цыма Уæлахиз къухы бафтыд сæйрагдæр, цыфæнды аргъ дæр ыл бафидынмæ цæттæ кæй уыдыстæм, уый фæрцы, Ома, лæгдзинадæй нæ, ныфсæй нæ, зонд æмæ æрхъуыдыйæ нæ, фæлæ иунæг «стыр тугæй».

Цы зæгъынмæ хъавынц, уый цæст æнцонæй ахсы: дзæгъæлы хъахъхъæдтой Мæскуы æмæ Ленинград, Киев æмæ Одессæ, Смоленск æмæ Севастополь, фондзыссæдзгай æндæр горæттæ. Бафæзмын хъуыдис, адæмы, архитектурон хъæздыгдзинæдтæ тæссаг бынаты ма баппарыны тыххæй сæ центртæ немыцаг раттын хуыздæрыл чи банымадта, уыцы «ахуыргонд» ныгуылæневропæйаг бæстæтæ.

Фæлæ уæд кæй уыданд Уæлахиз дыккаг дунеон хæсты?

Æз ницы хуызы разы дæн ахæм æрæмысæггæгтимæ. Уыдон баст не сты æцæгдзинадимæ, сæ мидисмæ гæсгæ æфхæрæн сты мах æфсад æмæ адæмæн, фашизмы ныхмæ иннæ адæмты тохæн.

Уый æппындæр афтæ нæ амоны, æмæ мах хъуамæ ногæй æрлæууæм мæнг патриотизмыл æмæ историйы ма сæттæм, уынын нæ дзы цы нæ фæндид, нæ кадыл цы зыны, æппæт уыдæттыл.

Стыр хъыгимæ басæттын хъæуы, политикон разамынды æмæ хæстон командыгæнынады сæрызонды бынат кæй нæ уыд стратегион æмæ тактикон хæстытæ къаддæр зианты хардзæй сæххæст кæнынмæ тырнындзинадæн. Афæх, уæлдайдæр фыццаг рæстæджыты, уæлахиз кодтам арæхстдзинадæй нæ, фæлæ бæрцæй. Милуангай адæймæгты цардæй фидын бахъуыд, хæстмæ цæттæ кæнгæйæ æмæ æрбалæбурджытæн ныхкъуырд аразгæйæ цы рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уыдонæн.

Мæнмæ гæсгæ, Уæлахиз къухы бафтыд сæйрагдæр æндæр хъуыддæгтæм гæсгæ. Сæ сæйрагдæр уыдис уый, æмæ хæсты бæстæйы бацыдис æцæг адæмон мидис.

Гитлерон иннæлартæ уыдысты хъуыддаг уæлæнгæйттыл зонджытæ æппындæр нæ, фæлæ тынг дæсны хæстон специалисттæ. Кæд æмæ уæрæсеаг хъызтытæн æмбæлгæ аргъ не скодтой, уæд æрмæстдæр уымæн, æмæ сæ зæрдæ дардтой уадау хæстыл. Уыцы зæрдæдарæнтæ та арæзт цыдысты политикæмæ гæсгæ, æмæ æппæты разæй уыцы хъуыдыйыл, æмæ Советон хицаудзинад

Фæлæ Гитлер æмæ йе 'мхъуазæнтæ цы фæхицæныл сæ зæрдæ дардтой, уый нæ рауад. Адæмæй фæхицæн æмæ ныл гадзрахатæй рацыд æцæгдзинадæй бынтон гыццыл хай. Адæм равдистой, арæх чи нæ вæййы, ныфсы ахæм иудзинад. Кæд æфхæрдытæ æмæ нæразыуæнджытæ уыдис — ахæмтæ та уыдис фагæй фылдæр, — уæд æппæт уыцы тæргæйттæ, чи зоны, суанг æнæуынондзинад дæр æвæрд æрцыдысты нуварс. Уымæн æмæ алы нывыл адæймагæн дæр æппæтæй зынаргъдæр у хи бæстæ, хи фыды хæдзар, хи мад æмæ сывæллоны бахъахъхъæнын.

Иу рæнхъы слæууыдысты, революцийæ чи рамбылдта, Советон хицаудзинад сæ уарзон хицаудзинадыл чи нымадта, уыцы милуангай фæлойгæнджытæ, æмæ, уыцы революци йæ исбон æмæ уавæр кæмæн байста, æппындæр кæмæн ницыуал ныуагъта, уыдон дæр.

Иу рæнхъы слæууыдысты, куыд ирвæзынгæнæг, афтæ Сталинæн табутæ чи кодта, уыдон дæр, æмæ йæ, куыд удхор, афтæ чи 'лгъыста, уыдон дæр. «Фыццаг уылæны» мингай эмигранттæ, кусджыты, зæхкусджыты революцийы æнæбафидаугæ ныхлæуджытæй баззайгæйæ, сæ кады хъуыддагыл банымадтой йæ тыхст сахат Райгуырæн бæстæмæ æххуысмæ фæзынын.

Раст афтæ фæсыкк сты фашистон стратегты зæрдæдарæнтæ национ быцæуты тыххæй. Уый историон æцæгдзинад у, хæсты æппæт рæстæг дæр нæ бæстæ кæй нæ зыдта национ быцæутæ. Иумæйаг фыдбылыз кæрæдзимæ æрбахæстæг кодта æппæты дæр. Мингай километрты дæргъæн фронтты нæ иумæйаг зæхх хъахъхъæдтой, цы фондзыссæдз адæмæй фылдæр дзы цардис, æппæт уыдоны минæвæрттæ.

Лыгъд æмæ æндæр ранмæ æрвыст адæм бынат æмæ цæрæнбоны ардтой сæ райгуырæн хæдзæрттæй мингай километртæ дарддæр: Поволжьейы æмæ Уралы, Цæгаты æмæ Сыбыры, Дард Скæсæны, Казахстаны æмæ Узбекистаны, Киргизийы æмæ Таджикистаны, Азербайджаны æмæ Туркмении, Гуырдзыстоны æмæ Сомихы. Сидзæрæй баззайæр сывæллоны нæ фарстой, йæ ныййарджытæ кæцы нацийæ уыдысты, уымæй: уырыссаг, узбекаг, тæтæйраг, башкираг, сылгоймаг æй иста йæхи хæдзармæ, кæд-ну афæх æнæуи дæр биноптæ бирæ уыдысты, уæддæр, æмæ ну ын ранвта йæ мады.

Мах нæ, Советон Цæдисы Хъæбатырты кæнæ Намысы ордены æххæст кавалерты нымæцмæ гæсгæ фыццаг бынаты кæцы нацитæ лæууы, уый нымайын уарзджытæ. Æз ахæм нымæдтытæ нæ кæнин, фæлæ абон зæгъын зæрдæбын арфæйы ныхæстæ, нæ цытджын бирæнацион бæстæйы хæдбардзинад нумæ чи бахъахъхъæдта, Советон Цæдисы æппæт уыцы адæмтæн.

Мах нæ, Советон Цæдисы Хъæбатырты кæнæ Намысы ордены æххæст кавалерты нымæцмæ гæсгæ фыццаг бынаты кæцы нацитæ лæууы, уый нымайын уарзджытæ. Æз ахæм нымæдтытæ нæ кæнин, фæлæ абон зæгъын зæрдæбын арфæйы ныхæстæ, нæ цытджын бирæнацион бæстæйы хæдбардзинад нумæ чи бахъахъхъæдта, Советон Цæдисы æппæт уыцы адæмтæн.

Ахæм нæ, Советон Цæдисы Хъæбатырты кæнæ Намысы ордены æххæст кавалерты нымæцмæ гæсгæ фыццаг бынаты кæцы нацитæ лæууы, уый нымайын уарзджытæ. Æз ахæм нымæдтытæ нæ кæнин, фæлæ абон зæгъын зæрдæбын арфæйы ныхæстæ, нæ цытджын бирæнацион бæстæйы хæдбардзинад нумæ чи бахъахъхъæдта, Советон Цæдисы æппæт уыцы адæмтæн.

Фæлæ æппæт уыдæттæ сты тынг æмæ тынг чысыл. Фронты уæвджытæй бирæтæ æмæ сæ бинонтæ нырма зæххæлæмæ кæсынц, фатертæм, телефонтæ сæвæрынмæ, хъæуы сæ дохтырты нæхуыс æмæ хостæ амал кæнын, æндæр хъуыддæгтæ.

Ныртæккæ æхсджиаг у адæмон депутатты ног разæрст Советты, бынæттон хиуынаффæйады органты, фæллойадон коллективты гæнæнтæй спайда кæнын æппæт уыцы фарстатæ алыг кæныны тыххæй. Уыдоны бæрны лæвæрд цæуынц стыр фæрæзтæ. Фылдæр аразын хъæуы ветераниты клубтæ æмæ хæдзæрттæ, кæй фæнды, уыдоны сæ 'ппæты дæр æхсæнадон царды ахсджиаг архайдмæ, сæ бон цæс у, уыйас фæллоймæ кæнын. Æвæццæгæн æмæ раст уыдзæн Советты мидæг ветераны хъуыддæгты фæдыл сæрмагонд къамистæ саразын.

Фронты уæвæг фæлтæрыл, Фыдыбæстæ фервæзынгæнæгыл аудындзинад æмæ йæм æргом здахын у не 'ппæты хæдæфсармдзинады хæс. Афтæ мæм кæсы, æмæ уымæ алчидæр сразы уыдзæн.

* * *

Æмбæлттæ! ССР Цæдисмæ Германы балæбурд дыккаг дунеон хæстæн цæхгæр анвата каид йæ цыд нæ, фæлæ йæ мидис дæр. Сæвзæрд фарста — куыд банугæнæн ис нумæ идейон-политикон алы хъæлæстæ иумæйаг тасдзинадæн ныхкъуыд раттыны тыххæй тыхтæ бану кæныны домæнимæ? Цард разынд цæттæ уагæвæрдтæ æмæ зонд ахастæй тыхджындæр. Сталин, Рузвельт æмæ Черчиль цудгæ нæ кодтой: нуварс æрæвæрын хъæуы зæронд быцæутæ. Сæвзæрд Гитлеры ныхмæ цæдис — дыккаг дунеон хæсты æмбисонды политикон æнтыстдзинад.

Хуымæтæгдæр кæныны нысцы хъæуы. Æцæгдзинадæй æмгуыстад хатгай æвзæрд тынг ныхлæудæй, æдзух æмхуызон рæвдз, æмбар нæ, Советон Цæдисы бахъуыдис Германимæ тохы сæйраг уæзы йæхимæ райсын. Махæн зынаргъ рауад «дыккаг фронт» байгом кæныныл фæстæмæ хæцын, уый афтæ рауад канд цæдисонты æцæг зындзинæдтæм гæсгæ нæ, фæлæ хи тыхтæ «сфæстауæрц кæныны» нысанмæ гæсгæ дæр.

Фæлæ мæн абон зæгъын фæнды æндæр хъуыддаджы тыххæй.

Гитлеры ныхмæ цæдис æвдисæн у алы социалон цардарæзтыты 'хсæн ныхлæууджытæ æгæр хуымæтæгæй æвдисыны мæгуырдзинадæн. Историон æцæгдзинад рæргом кодта, метафизикон уагæвæрдтæ нæ бæззынц, уый. Рабæрæг, тыхты равæрды ахъаззагдæр ахадындзинад кæй нæ демократи æмæ реакцийы ныхлæууджытæ.

Дыккаг дунеон хæсты уæлахиз у, балæбурды æмæ фыдзонды тыхты ныхмæ тохы кæрæдзи ссарын, æппæт паддзахæдты æмæ адæмты нумæйаг сгуыхтдзинад æмæ нумæйаг капитал. Гитлеры ныхмæ цæдисы райдайæны бацыдысты 26, хæсты кæронмæ та — 50 паддзахадæт.

Уыцы рæстæджы официалон документты æмæ публицистикæйы уыдис ахæм хъуыды, æмæ, кæд Советон Цæдисыл цыфæнды егъау знæнтæ æрцыд, уæддæр хæстæй рацыд фæфидардæр уæвгæйæ, уымæй размæ куыд никуы уыд, ахæм домбай хæстон-политикон æмæ экономикон паддзахадæй.

Уыцы ныхæсты бындурæн хаст цыдысты, гуырысхоагæнæн кæуыл нæ уыд, ахæм нымæцтæ, — згъæры, æвзалыйы æмæ нефты, хоры æмæ бæмбæджы бирæ милуангай тоннæтæ, электрон тыхы миллиардгай киловатт-сахæт тæ.

Хæстæй знанты реестр уыдис æхгæдау. Фæлæ «уазал хæсты» æууæлты адæм кæй арæзтой æмæ йæ нысан уый хорз царды гуырæн уæвын кæмæн уыдис, уыцы егъау хъæздыгдзинады зынгæ хай хардзгонд цыдис хæцæнгæрстæ фылдæр уадзыныл, ныхъуырдтой йæ хæстон хæрдзтæ. Уый ссис нæ экономикæ нын фехалæг, бæстæ абоны кризисмæ æркæнæг аххосæгтæй ну.

Чи зоны, хæсты æмæ хæцæнгæрстæ хæлофæй уадзыны тæккæ уæззаудæр фæстиуджытæй ну ссис политикæйæн йæхи философийы хæлд. Егъау хæстон хъару æвзæрын кæны хъуыддаджы йæ бауадзынмæ бæллиц. Уымæ гæсгæ уыцы стыр хæсты фæстиуджытыл, тыхы уагыл хъуыды кæныны фæстиуæгыл нымайæн ис 1956 азы Венгрийы цаутæн, 1968 азы æфсæдтæ Чехословакимæ бакæныныл æмæ суанг Афганистаны хæстæн дæр.

(Дарддæр 3 фарсыл).

М. С. ГОРБАЧЕВЫ ДОКЛАД

(Райдайæн 1, 2 фæрстыл).

О, æмбæлттæ, кæд сæ кæрæдзийæ дæсс æмæ ссæдз азæй фылдæр хицæн кæнынц, уæддæр уыцы цауты бæлвырд зынынц æфсоныфæстиуæджы бастдзинæдтæ.

Хæцæнгæрзтæ хæлофæй скъæрыны фæстиуæг ссис фæстæмæ нæраздахгæ бæллæх — адæмтæ нал сты æнæмæлгæ. Бынтон æцæг ссис адæмы бынсæфты тасдзинад фыдвæндæй кæнæ æнæнхъæлæджы ядерон хæсты хъаймæты механизм скусын кæныны фыдæй. Уый æмрæнхъ слæууыдысты фыдбæллæхты тасдзинæдтæ алфамблай æрдз халыны, дунейы сырæзгæ æмæ рæзгæ хæйтты хсæн хъауджыдзинады, удыхъæды мæгуырдзинады æмæ хæрзæгъдаудзинады сæфты фыдæй.

Фæлæ, тасдзинæдтæй цæстытæ нæ исгæйæ, мах хъуамæ нæ къухтæ ма 'руадзæм. Цивилизацийы хъахъхъæнæн тыхтæ егъау сты. Уыдон æхсæстæй фаг сты æртыккаг дунеон хæст не 'руадзынæн æмæ æндæр тасдзинæдтæ ацуварс кæнынæн. Хъæуынц æрмæстдæр зонд, хорз зæрдæйыуаг, бæрнондзинад. Стæй историйæ зондыхостæ кæнын зонын.

Хæсты истори нын кæй амоны, уыцы ахсджиагдæр зондыхос у ахæм: æгасæй баззайыны тыххæй адæмтæ хъуамæ бану уой æмæ аппарой хæцæнгæрзтæ.

Абон зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы, ссæдз азы дæр кæй нæма рацыд фыццаг дунеон хæсты фæстæ, афтæ зæххы къорийы алы рæтты кæй ссыгъдысты ног дунеон хæсты тæссаг артдзæстытæ — Эфиопийы æмæ Испанийы, Китайы æмæ Халхин-Голы, Уымæй чысыл фæстæдæр та арты 'взæгтæ бахæццæ сты Тиранæ æмæ Варшавæмæ, Париимæ æмæ Лондонмæ, Белградмæ æмæ Афинтæм, мах Райгуырæн бæстæмæ.

Немыцаг национал-социалистон кусджыты парти — афтæ хуыдтой сæхи германаг фашисттæ, — хицаудзинад йæ къухтæм райста, буржуазон демократийы фæрæзтæй пайда кæнгæйæ, ома, æргомæй. Сæ тактикæйы фашисттæ-папаххатæй пайда кодтой социалистон кусджытæ, коммунистон партитæ, уыдонæй маргдемократон партитæ нæ уый, уыдонæй ницæмæй революцион партитæ. Тыдтой, фашисттæ хъуамæ æмбæрстой, æмæ сæ æнæхъæлæджы ныхмæ æрмæстдæр æмбæлттæ кæй нæ уыдаид, уыдонæй ницæмæй. Фашисттæ æмбæлттæ кодтой, цыфæнды æмбæлттæ кодтой, цыфæнды æмбæлттæ кодтой, цыфæнды

Немыцаг национал-социалистон куснджыты парти — афтæ хуыдтой сæхи германаг фашисттæ, — хицаудзинад йæ къухтæм райста, буржуазон демократийы фæрæстæй пайда кæнгæйæ, ома, æргомæй. Сæ тактикæйы фашисттæ парахатæй пайда кодтой социалон стырныхасæй, социалон æнæрæстзæрдæдзинады, æгуыстдзинады «уæллæгты» уæййагдзинады критикæйæ. Пайда кодтой, «Веймараг демократийæ» разы чи нæ уыд, уыдонмæ арæзт мæнг революцион ныхасæй, тæккæ тынгдæр та уымæй сæ зæрдæ дардтой люмпентыл, æгуыстытыл, лыстæг буржуайыл.

Зæрдæ æвæрдæуыд тæккæ æлгъагдæр æнкъарæнтæ æцæгæйдæр афтæ нымайæн ис æмæ Ялтæйы æмæ Потсдамы дуг ахицæн.

Æндæр хъуыддаг у. Ялтæйы æмæ Потсдамы æртæ егъау паддзахады фидыдмæ бæлвырд историон æгъдауæй куы кæсæм, уый. Уыцы фидыдтыты центрон хъуыды у æмгуыстдзинад æмæ æмбалдзинад сабырдзинады сæраппонд æнæ хæстæй æмæ æнæ тыхмийæ, интерестæ æмхуызон кæныны бындурыл. Ялтæ æмæ Потсдаммæ уыцы цæстæй куы кæсæм, уæд уыдон континент нæ дих кодтой, фæлæ æвдыстой политикон æцæгдзинæдтæ, уыдон та систы дыккаг дунеон хæсты фæстиуджытæ, антигитлерон коалицийы уæлахизтæ.

Европæйы арæнты æнæхъæн дзинады хъуыдыйы мидис нæгæ кæй кæны, уый та у æндæр фарста. Афтæ нæкæн сын нæй, цæмæй арæзт æрцæуой разæруæлтæ радон тугкалæн хæст фæзынынæн. Фæлæ сын ис æмæ пайдайаг уанд политикон, экономикон, социалон, барадон, экологон æмæ æндæр æгъдауæй сæ иæын. Уымæй рамбуликкой æппæт адæмтæ дæр, уыцы процесс, куыд зонæм, афтæмæй фæстаг рæстæг рæзы æнтыстджыдæй.

Адæмты чи дих кæны, уыцы арæнтæ ануварс кæныны хъуыддаджы махмæ ис революцион мадзал. Уый у «æппæтевропæйаг хæдзар» саразыны концепци. Уымæ хæстæг у президент Миттеран, уæлдæр хъуыддаг æмæ æппæт Европæйы æмæ дунеы стратегион нывылдзинад.

Ныртæккæ бадзырдтæ райдыдтой ахæм формулæйы: «Дыууæмæ бафтау цыппар». Ныхас цæуы АИШ-ы, Великобританийы, Францы, ГДР-ы, ФРГ-ы æмæ Польшæйы, Югославийы, Италийы, æндæр паддзахæдты хицауæдтимæ. «Æхсæзы» размæ цы ахсджиаг фарстатæ лæууы, уыдонæй иу у Германы сабырдзинады бадзырд. Уый кæронмæ ахæццæ кæнид хъуыддаг дыккаг дунеон хæсты тыххæй дæр, «уазал хæсты» тыххæй дæр. Уый хъуамæ ныфс радта, немыцаг зæххæй нырæй фæстæмæ æрмæстдæр сабырдзинад кæй цæудзæн, уый æгъдæуттæ», зæгъгæ. Тагъд æй газеткæсджытæ бакæсдзысты...

Парады архайджытæ æрхæццæ сты Ленины фæзмæ. Ам дæр адæмæй къухбакæнæн нæ уыд. ССР Цæдисы Сæйраг Советы дунеон хъуыддæгты комитеты сæрдар Дзасохты Алыксандр, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар, партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбег, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министры Советы сæрдар Хетæгкаты Сергей, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы уæнгтæ, уазджытæ, хæсты æмæ фæллойы ветерантæ, ногдзаутæ сæвæрдтой дидинджытæ нæ фæтæджы цыртдзæвæныл.

Уымæй уæлдай уыцы бон дидинджытæ æвæрд æрцыд П. Барбашовы, Æнусон арты, Уæлахизы фæзы æвæрд цыртдзæвæнтыл.

...Бæрæгбон цыд дарддæр Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы, Сабырдзинады проспекты, горæты æмæ фæсгорæт, Ирыстоны адæм аккаг хуызы сбæрæг кодтой Уæлахизы бон.

ÆРХОНТЫ Р.
КЪАМТЫ: бæрæгбон горæт Орджоникидзейы.

Къамтæ систа ЛАГКУТЫ Рамазан.

УÆЛАХИЗЫ УАЛДЗÆГ

(Райдайæн 1 фарсыл).

бæра. Хорздзинад, хъæздыгдзинад æвиппайды не 'рцæуы. Хъæуы йыл кусын, Кæстæрты хъæуы фылдæр ахуыр кæнын. Гъе уæд, мæнмæ гæсгæ, хъуыддаг йæ гаччы сбаддзæн.

Ирыстоны поэттæй хæстæй нал сыздæхт 52 æрыгон лæппуйы. Уый стыр зиан уыд нæ рæзгæ литературæйæн. Сæ ном ссарыны тыххæй сын фыссын хъарæг «Иры булæ-

БÆРÆГБОН ЦЫКОЛАЙЫ

Не стыр Уæлахизы 45 азы бæрæгбон кадджынæй сбæрæг кодтой Æрæфы районы. Сырх Дыгуры, Хæзныдоны, Дæргъæвс æмæ Лескены уыдис кадджын митингтæ. Хъæуты цæрджытæ алы ран дæр æфсымæрой ингæнтыл сæвæрдтой дидинджытæ. Куыстуæтты, колхозтæ æмæ совхозты ветерантæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, уыдонæн та лæвæрд æрцыд зынаргъ лæвæрттæ.

Знон уæлдай фылдæр змæлд уыдис Цыколайы. Сихорафон бирæ дзыллæ анвылд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмард уæвæг хъæбатырты æфсымæрон ингæнмæ. Партийы Æрæфы райкомы фыццаг секретарь Дзансолты Ермакы цыбыр доклады фæстæ раныхас кодтой. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Бесолты Темырхъан, ФÆЛКЦ-йы Æрæфы райкомы секретарь Таухъазахты Марат, районы æфсæддон комиссар Николай Савитский æмæ иннæтæ. Уый фæстæ цыколайæгтæ дидинджытæ сæвæрдтой æдзард хæстонты ингæныл.

Æмæ бæрæгбон уыил нæ фæцис. Уæлахизы кадæн районы аræзт æрцыд автодугътæ, Налцыкк, Пятигорск, Грозна æмæ æндæр горæттæй цы уазджытæ æрцыд, уыдон бабæрæг кодтой, кæм хæцыдысты, уыцы зæрдылдарæн бынæттæ. Кæронбæттæны районы хихъæппæрисадон къордтæ равдыстой концерт.

КЪОСТАНТЫ Т.

«ÆРКУВ ЗÆХХЫ ОНГ»

Æрыдоны районы цæрджытæ разæнгардæй сбæрæг кодтой Уæлахизы 45 азы кадджын бæрæгбон.

7 майы районы Культурæйы галуаны уыдис тематикон изæр «Æркув зæххы онг». Залы адæмæй бацæуæн нал уыд. Се 'хсæн — зынаргъ уазджытæ — хæсты знагимæ Æрыдоны районы чи хæцыд, уыдон.

Изæр амонæг зæрдиаг арфæтæ ракодта хæсты ветерантæн, скъоладзаутæ се 'ппæтæн дæр балæвар кодтой дидинджытæ.

Кадджын изæры раныхас кодтой хæсты ветерантæ Дмитрий Хлопот, отставкæйы булкъон Лекъты Мурат, отставкæйы контрадмирал Цæдлагты Пантелей.

Горæххæсткомы уынаффæмæ гæсгæ йæ сæрдар Æрыдоны горæты кадджын гражданины æвдисæндартæ радта Советон Цæдисы Хъæбатыр Тогыаты Хъауырбегæн, чернассиаг, Алыксей Бешкаревæн æмæ æндæртæн.

Хæсты ветерантæн республикæйы ветеранты советы æмæ æфсæддон комиссарады номæй кады гæххæттытæ радта районы æфсæддон комиссар Мæргъыты Ф.

Уый фæстæ районы хихъæппæрисадон аивадон къордтæ изæры архайджытæн равдыстой стыр концерт.

8 майы горæт Æрыдоны ныгуылæны 'рдыгæй фарс байгом бронепоездты 36-æм хицæн дивизионы зынгхуыст хæстонты номыл цыртдзæвæн.

МÆРГЪЫТЫ Р.

СКЪОЛАДЗАУТЫ УАЗДЖЫТÆ

Хъарманы астæуккаг скъолайы ахуырдзаутæ арæх фембæлынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ фæллойы ветерантимæ. Ацы хатт та скъоладзауты уазджытæ уыдысты ныртæккæ Советон Æфсады рæнхъыты чи службæ кæны, уыцы æрыгон лæппуты ныййарджытæ.

Фембæлды уæвджытæн сæ хæстон фæндæгты тыххæй радзырдтой Баснаты Мысост æмæ Агъната Хъауырбег. Уый фæстæ раныхас кодтой ныййарджытæ Цæбиты Любæ, Цæргæсты Рая, Сосранты Аня æмæ иннæтæ. Куыд загътой, афтæмæй сæрыстыр сты, сæ лæппутæм райгуырæн бæстæйы арæнтæ хъахъхъæныны рад кæй æрхаудта, уымæй. Цы сын бафæдзæхстам, уый æххæст кæныны, зæгъгæ, уыд мадæлты ныхас.

Кæронбæттæны раныхас кодтой кълæсты ахуырдзаутæ Зурапты Эдик, Челæхсаты Виталий æмæ Бæгъната Анатолий.

— Мах цæттæ стæм Советон Æфсады рæнхъыты службæ кæнынмæ, — загътой уыдон. Куы бахъæуа, уæд та, дам, фыдызнагæй бахъахъхъæндзыстæм нæ Райгуырæн бæстæ.

ГУЫРДЗЫБЕТЫ Барис.

ХЪÆУЫ КУЫСТЫ БÆЛВЫРД НЫСАНИУÆГ

ОРДЖОНИКИДЗЕЙЫ ГОРÆТЫ ДЗУАПДÆТТÆН-ÆВЗАРÆН ПАРТИОН КОНФЕРЕНЦИ

Æрæджы уыд Орджоникидзейы горæты XXIX партион конференци.

Дзуаппон доклады сæйраг бынат бацахстой идеологон куысты фарстатæ. Амынд дзы уыд, зæгъгæ, æхсæнадон царды æппæт къабæзты цы ивддзинæдтæ цæуы, алыхуызон политикон цæстæнгæстæ æмæ зондахастыты фæдыл цы дискусситæ рапарахат, уыдонæй бирæ араз-гæ у идеологон куыст.

Ныры уæззау социалон-экономикон уавæры идеологон кадрты куыстмæ æвзæры æхсæнады цæхгæр критикон ахастдзинад. Рацарæзты бæрæггæнæнтæ нырма адæмы бæллицтæн æмæ домæнтæн дзуапп нæ дæттынц. Социалон ахастдзинæдты карздзинад ноджы тыхджындæр кæны, горæты цæрджыты 'хсæн æгъдау æмæ фæтк, удварны хорз миниуджытæ цауддæрмæ кæй цæуынц, уый аххосæй. Æмæ уыцы æууæлты горæты партион организаци абон дæтты йæ политикон цæттæдзинады, хъæппæрисджынæй кæмæ гæдбарæй хъуыддæгтæ лыг кæнынмæ арæхстдзинады уæззау фæлварæн.

Цард бадомдта æппæт æхсæнадон тыхтимæ æмæ организацитимæ æргом æмæ уæндон ныхасмæ рахизын, партион организацийы куысты æппæт мадзæлттæ æмæ хуызтæ сног кæнынæн фæндæттæ агурын.

Дзуаппон рæстæг партийы горком лæмбынæг иртæста, хихъæппæрисадон иугондты 'хсæн цы фæзындытæ уыдис, уыдон.

Абон нæ горæты архайынц æхсæнадон хихъæппæрисадон организацитæ: «Адæмон Цæдис», «Рухс», Ирыстоны æрыгон историкты æхсæнад», «Ирыстоны демократон фæсивæд», «Социалон рæстдзинадыл тохгæнæг æхсæнад», «Терчы хъазахъхъæрты Владикавказы чысыл Зылд».

Ног æхсæнадон иугæндтимæ архайгæйæ, СЦКП-йы горком рахæцыд сæ социалон ахадындзинады фарс. æргом ныхас кодта, рацарæзт горæты куыд цæуы, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ, уыцы иугæндтæ горæты цы дзыллон митингтæ сарæзтой, уыдон ацыдысты æнæ йæ зыгъуымæздинæдтай. Дзуаппон рæстæг фидардæр йæ бæстон партийы горкомы бастдзинæдтæ сфæлдыста дон цæдистимæ, дыууæ азы дæргъы горæты культуron царды æрцыдис ахсджиаг цаутæ, уыдон хорзыдæм ахадыдтой йæ цæрджыты удварны рæзтыл.

Горком йе 'ргом здæхта культурон-рухсадон кусæндæтты, скъолаты, уæлдæр ахуыргæнæндæтты, профтехучилищеты фæсивæды идейон-политикон, интернационалон, патриотон, фæллойадон хъомылады фарстатæм. Арæзта æхсæнадон царды алыхуызон социалогон иртæстытæ æмæ бафæрстытæ.

Доклады амынд ис, зæгъгæ, партийы архайдæн аргъ кæныны сæйраг бæрæггæнæн у, социалон-экономикон фарстатæ 'лыг кæныныл куыд ауды, уый. Раздæры æмæ уæлдайдæр ныртæккæйы экономикон рæдыдтытæ политикон уавæрыл цæхгæр фæзындысты. Экономикон фарстатæ кæронмæ лыгонд кæй нæ цæуынц, уый аххосæй æвзæры социалон, уæлдайдæр та нациты 'хсæн ахастдзинæдты карздзинад. Горком агуырдта хойраджы, адæмон фæлхасады товартæ уадзыны, экологон уавæр фæхуыздæр кæныны, цæрæнуæтты арæзтады, аууоны экономикæйы ныхмæ тохы æмæ царды æндæр ахсджиагдæр фарстатæ алыг кæныны ног фæндæттæ. Уый фæдыл нысангонд æрцыд мадзæлттæ. 50 куыстуаты æмæ кусæндоны бæрц сараэзтой бадзырдтæ 35 колхозы æмæ совхозимæ æмæ сын бакодтой 3 милуан сомы аргъ æххуыс. Дыууæ сæдæ куыстуатæй фылдæр архайдтой холлæгтæ цæттæ кæныны, халсартæ æмæ дыргътæ æфснайыны хъуыддæгты. Ногæй арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны дыргътыхалсарты хæдзарады иугонд. Фæстаг аз горæты цæрæг 800 бинонтæ райстой зæххы хæйттæ цæхæрадзæттæ-дыргъ дæттæн.

Фæлæ уыимæ æппæт нысангонд мадзæлттæ кæронмæ æххæстгонд нæ цæуынц, уымæн æмæ сыл фаг контроль æвзæрд нæй. Афтæ, доклады амынд цæуы, горкомы социалон-экономикон къамисы сæрдар Я. М. Кукуй, хайады сæргълæууæг Сопойты А. М. хъæддыхдзинад нæй не 'вдисынц, уый ахосæй хомагкусæн къабæзтæн æххуыс кæныны мадзæлттай 70 проценты æхсæстгонд не 'рцыдысты. Цауд хъæугæ товартæй базарад æфсадыны уавæр, цæрджытæ фау хæссынц, горæты цы фæлхасадон товартæ уагъд цæуы, уыдон хъæдмæ, хъаст кæнынц кооперативон товарты æргътæй, сæудæджерад кæй парахат кæны, уымæй. Уымæ гæсгæ арæзт æрцыд кооперативты архайд фæхуыздæр кæныны фæдыл сæрмагонд къамис.

Партийы горком хъуамæ хъæддыхæй бадома горæты æмæ йæ районты æххæсткомты, госстандарты, паддзахадон базарады инспекциты, æргъты комитетты, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусæг коммунисттæй, цæмæй фидар фæтк сæвæрой кооперативон змæлды. Ногæй æркæсын хъæуы программæ «Цæрæнуат-2000»-мæ Цæрæнуæтты арæзтады фылдæр пайда кæнын хъæуы арæзтадон æмæ промышленон куыстуæтты, кооперативты, хицæн адæймæгты гæнæнтæй æмæ фæрæзтæй.

Горæты социалон-экономикон рæзты программæтæ сæххæст кæнынæн, æнæмæнг хъæуы, ног зондахаст кæмæ ис, ахæм арæхстджын кадртæ цæттæ кæнын. Уый тыххæй арæзт æрцыд куыстадон-экономикон ахуырады скъолаты æмæ семинарты системæ, байгом аразджыты кадртæ цæттæгæнæг нудзинад фидар кæныныл.

Доклады зынгæ æргом здæхт цæуы социалистон закъонад æмæ бардон фæтк фидар кæныны фарстатæм. Рæзы фыдракæндты нымæц. Сæ нысмæ тохы ахадындзинад та чысыл у. Æмæ партийы горком æмæ райкомтæ æххæстæй нæ домынц бæрнондзинад хъуыддагыл дзуапдæттæг паддзахадон, хæдзарадон оргæнты æмæ æхсæнадон организациты кусæг коммунисттæй.

Доклады фæдыл раныхас кодтой нудæс делегаты. Æмткæй райсгæйæ уыд æргом æмæ хъуыддаджы нысхас. Делегаттæ сæргом кодтой горкомы идеологон æмæ организацион куысты хъæндзинæдтæ, бахастой партион организацийы æмæ йæ æвзарæг оргæны куыст рацæгæр рацаразыны тыххæй фæндæттæ.

Фыццаг раныхас кодта СЦКП-йы горкомы дыккаг секретарь **Я. М. Кукуй**. Уый куыд бацамыдта, афтæмæй мидпартион царды рацарæзт цæуы зынтæй. Тыхджындæр кæнынц мидпартион царды нысхæлæуддзинæдтæ æмæ уыцы æууæлты СЦКП-йы горком архайдта, цæмæй йæ идейон-политикон куыст, бæлвырд нысанмæ йæ араз-гæйæ. тыхджындæр кодтаид. Бындурондзæрæй куыста партион рæнхъыты нудзинад фидар кæныныл.

Горæты партион организацийы равзæрд дыууæ зондахасты: иутæ хъуыды кæнынц, зæгъгæ, фехалын хъæуы горæты партион организацийы структурæ, иннæтæ та — фехалын хъæуы горæты районты партион организацитæ.

Фæлæ ныртæккæйы æууæлты горæты партион организацийы арæзтад халын нæ хъæуы. Горкомы ахадындзинад, куыд райкомты куыст иугæнæг центр, бирæ у. Горком дарддæр дæр кусдзæн уыцы иудзинад фидар кæныныл.

Уыцы хъуыдыйы ныхмæ ныхас кæнгæйæ, иугонд «Полимер»-ы сæйраг инженер **Николай Шубин** бацамыдта, зæгъгæ, хъуыддаг партион организацийы структурæйы нæй. Ныхасгæнæг куыд хъуыды кæны, афтæмæй СЦКП-йы горкомæн нæма ис йæхи цæсгом. Мах хъæуы, цæмæй горкоммæ уа куысты бæлвырд программæ. Горæты стыр экономикон æмæ социалон фарстатæ лыг кæнынæй хъуамæ иуварс ма лæууа.

Ныхасгæнæг фæндон бахаста, цæмæй цæуын райдайа горæты сæрмагонд газет.

СЦКП-йы Ленины райкомы фыццаг секретарь **БекКуызарты Виталий**, горкомы дзуапп докладæн аргъ скæнгæйæ, бацамыдта, йæ куысты кæй æрцыд хуыздæры 'рдæм зынгæ ивддзинæдтæ. Горком агуырдта куысты ахадгæдзæр хуыстæ æмæ мадзæлттæ. Уыимæ бацамыдта, зæгъгæ, горком æмæ райкомты фылдæр æргом здæхын хъæуы партион æгъдау фидар кæныны фарстатæм.

Завод «Электроцинчы» кусæг **Николай Новиков** йæ раныхасы бацамыдта, зæгъгæ, горкомы уæнгты хъæуы бынæтты арæхдæр уæнын. Карзæй дзырдта куыстуаты тыххæй Закъоны уагæвæрдтæ халыны ныхмæ. Куыстуæтты финансон-экономикон хæдбардзинад хъахъхъæнынмæ горкомы фылдæр æргом аздæхын хъæуы.

Конференцийы раныхас кодтой партийы, хæсты æмæ фæллойы ветераны Орджоникидзейы горæты советы сæрдар Дзопойты Юрий, Орджоникидзейы хуыйæн иугонды генералон директор Цъæхилты Евгения, Орджоникидзейы горæххæстæкомы сæрдар Михаил Шаталов, ОЗГРП-йы партион организацийы секретарь Фардзинты Юрий, завод «Гран»-ы сæйраг инженер Хъулаты Сослан, 6-æм поликлиникæйы сæйраг дохтыр Арсæгты Наталья, промышленности, арæзтады, энергетикæйы, транспорты æмæ бастдзинады рæзты фарстаты фæдыл Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Комитеты сæрдар Цæгæраты Сергей, горæты адæмон контролы комитеты сæрдар Тебинаты Мурат, Советон Цæдисы Хъæбатыр Василий Коняхин, 20-æм скъолайы директор Людмилæ Звякова, республикæйы æфсæдон комиссар Валерий Колесов, профессор Гуыриаты Тамерлан, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты ректор Виктор Кармазин, проектон институт «Гипрогорсельстрой»-ы директор Реуазты Михал.

Конференцийы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь **Галазты Æ. Х.**

Конференцийы делегаттæ равзæрстой партийы ног горком æмæ горæты партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамис. Горкомы фыццаг секретарæй альтернативон бындурыл æвзæрст æрцыд **Цъæхилты Хъазыбег Никъалайы фырт**. Раздæр куыста СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы организацион-партион куысты æмæ кадрты хайады сæргълæууæгæй. Горæты партион организацийы контролгæнæг-ревизион къамисы сæрдарæй æвзæрст æрцыд Александр Омельченко. Раздæр куыста Советон райæххæсткомы сæрдарæй.

Уыдис ног равзæрст горкомы фыццаг пленум. Пленум равзæрста горкомы бюро. Горкомы дыккаг секретарæй æвзæрст æрцыд **Яков Михаилы фырт Кукуй**. Фидаргонд æрцыдысты СЦКП-йы горкомы хайæдты сæргълæууджытæ.

ЦЪЕБОЙТЫ С.

...Æмæ хæст йæ тæмæны куы бацыд, уæд æд хæцæнгарз цыдысты ирон, сыбираг уа абхазаг. Цыдысты, цæмæй сæ иумæйаг Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæноя фыдызнагæй. Цыдысты, цæмæй фæстагæттæ мауал базоной циу хæст, циу хъизæмар æмæ рис. Цæмæй нæ дидинæгкалæг зæххыл мæкуыуал анхъæвзой туджы зæйтæ. Цæмæй нæ адæмы сæрмæ кæддæриддæр уа сæрибар арв.

...Æвæдза, цæй амондджын уыдысты Гæздæнты Асæхмæт æмæ Тасо. Сæ бинонтæ уалдзыгон дыргъдонау дидинæг калдтой. Авд лæппуйы, амæй-ай рæсугъддæр, амæй-ай зæрдæмæдзæугæдæр. Фæллойуарзаг, æгъдауылхæст. Мæнæ, хъæуы фидауц кæмæй фæзæгъынц, раст гъе ахæмтæ. Цин кодтой Асæхмæт æмæ Тасо, зæгъгæ, ныр зæры бонмæ хъуаг ницæмæйуал байафдзыстæм. Фæлæ... Фæлæ 1941 азы сæрдыгон бонтæй иуы хъæуы адæм фæдисæй уынджы телыхъæдыл цы репродуктор уыд, уый алыварс куы æртыгуыр сты æмæ йæм тарстхуызæй куы кастысты, уæд æй бамбæрстой, цыдæр стыр бæллæх кæй æрцыд, уый.

...Æмæ хæст йæ тæмæны куы бацыд, уæд Гæздæнты авд æфсымæры фæд-фæдыл фæцыдысты йæ цæхæрмæ. Фæцыдысты, цæмæй...

Хистæр æртæ æфсымæры Мæхæмæт, Дзæрæхмæт æмæ Хаджысмелæн уæдмæ сæхицæн бинонтæ уыд, фæлæ иннæ цыппар лæппуйы сусæг уарзæттæ куырдуаты дзыназгæйæ баззадысты.

— Хæст куы райдыдта, — æрымысыд Дзæрæхмæты бинойнаг Гæздæнты (Дзобелаты) Лубæ, — уæд хистæр æхсæз æфсымæры уайтагъд акодтой фронтмæ. Хæдзары ма баззад æрмæст кæстæр Хасан (нырма йæ астæ нæма амыдтой). Фæлæ куыд фæстæмæ, афтæ, æвæццæгæн, не 'фсæдты хабæрттæ бæллиццаг нал уыдысты, æмæ сидын райдыдтой, йæ кар æххæст кæмæн нæма уыд, уыдоннæ дæр. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй Хасанмæ дæр цалдæр хатты æрбацыд пъавесткæ. Фæлæ-ну сæ хъæуы хицау Дзодзыкаты Асæфе бамбæхста, Уый фæстæ йын, æнæццæгæн, гæнæн нал уыд æмæ нæм æрæрвыста пъавесткæ. Уæд мын мæ хицау загъта: «Ацу æмæ Асæфейæн дæ зоиусытыл æркув. Зæгъ ын æмæ ма ну хатт бамбæхса уыцы æнæхæйыры сæххæстæ». Æз кæртыты куыд фæцæйцыдтæн, афдыбæстæйы хæсты 1-аг къæпхæны орденæй. Æрæссæм цæй тыххæй. Стыр хъæбатырдзинад равдыста Гæздæны-фырт Кубаны былгæрæттæ немыцаг фашисттæй уæгъдгæнгæйæ. Хутортæ Ново-Михайловский, Ново-Покровский æмæ 188,7 бæрзæнд уæгъд кæнгæйæ 1943 азы 20-22 сентябры Гæздæны-фырт разамынд цы взводæн лæвæрдта, уый ныббырон кодта знаджы 5 пулеметы, гранатомет, 20 фашисттæй фылдæр, ныхъхъус кæныны кодта знаджы аст æхсæн бынаты. Хæстыты рæстæг йæхи арæхстджынæй равдыста взводы командир Гæздæнты Шамил...

Æппæт сгуыхтдзинæдтæ ныффыссынæн фадат нæй... Фæлæ иннæ æфсымæртæ дæр афтæ æхсарджынæй удуæлдай тох кодтой Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау. Ну дæр сæ нал сыздæхт сæ райгуырæн Дзуарыхъæумæ. Фæлæ мæлгæ нæ акодтой. Хъæбатыртæ нæ мæлынц. Хъæугæрон авд зырнæджы бацыдысты Гæздæнты авд æфсымæры хуызы æмæ фæтæхынц кæдæмдæр цъæх арвы хъæбысмæ. Фæтæхынц... Фæтæхынц, цыма Гæздæнты авд æфсымæры дард рæстæй æрхонынмæ хъавынц, уыйау. Хъæбатыртæ нæ мæлынц. Не сты мард Гæздæнты авд хъæбатыры дæр. Не сты мард, цалынмæ сæ адæм сæ зæрдыл дарой, уæдмæ. Адæм та сæ сæ зæрдыл кæддæриддæр дардзысты...

...Лубæйыл кæд 72 азы цæуы, уæддæр нырма у цæрдæг, цардбæллон сылгоймаг. Цæры ам, Дзæгуыхъæуы. Лубæтæм сæхимæ куы цыдтæн, уæд мæхиимæр хъуыды кодтон, зæгъгæ, ныртæккæ байафдзынæн иунæг, æвæрæсæг зæронд усы. Фæлæ, ме стыр цинæн, фæрæдыдтæн. Хæрзæфснайд фатеры байафтон Лубæйы дыууæ рæсугъд æрыгон чызгимæ.

— Уыдон мæ чызджы чызджытæ сты, — бамбæрста мæ Лубæ, — Нæ мæ уадзынц æнкъард кæнын. Сæхæдæг Джызæлы цæрынц, фæлæ сын куыддæр уæгъд рæстæг фæвæййы, афтæ ам æрбалæууынц.

Уыдон уыдысты Лубæйы чызг Дойматы Милæйы чызджытæ Анжелæ æмæ Лейлæ. Ноджыдæр ма сын нс хинæтæр хо Жаннæ æмæ кæстæр æфсымæр Раман. Хора цот рауадысты Дзæрæхмæты байзæддæгтæ. Ахуыры æмæ куысты фæзминаг. Жаннæ фæцис Хæххон хъæуы хæдзарадон институты экономикон факультет. Цæры Лубæнмæ. Анжелæ ахуыр кæны педагогон училищы 2-æм курсы. Лейлæ æмæ Раман

ÆНУСМÆ— ХЪÆБАТЫРТÆ

Ссылка на продолжение

ССР Цæдисы Сæйраг Советы къамис Цæгат Ирыстоны

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

Профцæдисты æмæ хæдзарадон оргæнты бирæ азты йæ цæргæнæн заводы директор Бигъуыйты Таймураз Ладо-фырт Цæгат Ирыстоны Советы

1990 азы 8 майы Указмæ гæсгæ æнæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Президиумы Кады

ССР Цæдисы Сæйраг Советы къамис Цæгат Ирыстоны

Зындгонд куыд у, афтæмæй ССР Цæдисы Сæйраг Советы Нацыты Совет сарæзта къамис автономи саразыны тыххæй мæхъæлон адæмы курдиатмæ æркæсыны тыххæй. Къамисы уæнгтæ сты национ фарстаты фæдыл УСФСР-йы паддзахадон комитеты сæрдæр А. М. Беляков (къамисы сæрдар), ССР Цæдисы адæмон депутаттæ, ССР Цæдисы Сæйраг Советы уæнгтæ.

Къамисы уæнгтæ уыдысты Цæцæн-Мæхъæлы АССР-йы, ссыдысты нæ республикæмæ. ССР Цæдисы адæмон депутаттæ фембæлдысты Цæгат Ирыстоны æхсæнады минæвæрттимæ, уыдысты фæллойадон коллективты, лæмбынæг ныхас кодтой Сунжæйы, Октябрыхъæуы, Карцайы, Куырттаты цæрджытимæ.

Къамисы уæнгтæ дидинджытæ сæвæрдтой мидхæсты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырты цыртдзæвæнтыл, уыдысты инæлар Плиты Иссаёны мемориалы.

8 майы ССР Цæдисы Сæйраг Советы къамисы уæнгтæ архайдтой Уæлахизы 45 азы кадæн кадджын æмбырды ирон драмон театры.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатты æвзæрстыты бæрæггæнæнты тыххæй Центрон æвзарæн къамисы ХЪУСЫНГÆНИНАГ

1990 азы 5 майы уыдысты Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутатты æвзæрстытæ 5 æвзарæн округжы.

Дыккаг хатт хъæлæс кæныны бæрæггæнæнтæм гæсгæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон депутаттæй æвзæрст æрцыдысты:

1. **Ахильгов** Руслан Алиханы фырт — СЦКП-йы Ленины райкомы инструктор, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе, Кутузовы 17-æм æвзарæн округ.

2. **Гуыбаты** Константин Аврамы фырт — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Мидхъуыддæгты министрады фыдракæндтимæ тохы хайады уæлдай вазыгджындæр хъуыддæгты хистæр оперативон бæрнджын, СЦКП-йы уæнг, г. Орджоникидзе, Курчатовы 4-æм æвзарæн къамис.

3. **Дзæгъаты** Павел Константины фырт — Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозы бригадир, СЦКП-йы уæнг, Камбилеевкæ, Октябры 137-æм æвзарæн округ.

4. **Тедеты** Рутен Елекърейы фырт — Октябрыхъæуы 1-æм астæуккаг скъолайы директор, СЦКП-йы уæнг, Октябрыхъæу, Суворовы 139-æм æвзарæн округ.

5. **Уырымты** Чермен Гагийы фырт — СЦКП-йы Алагиры райкомы фыццаг секретарь, СЦКП-йы уæнг, г. Алагир, Цæхæрадæтты 74-æм æвзарæн округ.

Центрон æвзарæн къамисы сæрдар Кучиты А. Г.
Секретарь Фæрнаты Р. Е.

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

Профцæдисты æмæ хæдзарадон оргæнты бирæ азты йæ særдиаг куысты тыххæй Орджоникидзейы электроцентралы цæттæнæн заводы директор **Быгъуылты** Таймураз Ладойы фыртæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 8 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

ФÆЛМÆНЗÆРДÆДЗИНАДЫ ТРАМВАЙ

Украинæйы ССР. Советон æмæ афгайнаг тырысатимæ æрвылбон йæ фæндаг адары хæстонты- интернационалисты трамвай. Иæ фыццаг балц уыд, Советон æфсад Афганистанæй конд куы ˈрцыдысты, ууыл афæдз сæххæсты бон. Уæдæй фæстæмæ, кæй фæнды, уыдонæн се ˈппæтæн дæр фадат ис Киевы Зæронд вагзалæй балцы ацæуынæн.

Вагон скъæрынц раздæры хæстонтæ - «афгайнæгтæ». Экскурси араздæджы ныхас дæр у уыдоны, киеваг лæппуты хорз хъуыддæгтыл. Уыдон службæ кодтой Советон Æфсады рæнхъыты, кадимæ æххæст кодтой сæ интернационалон хæс Афганистаны. Фæлæ нуулдæр нæ раздæхтысты. Сæ сурæттæ сты вагоны салоны, сæ бакомкоммæ та, — хорзæхджын чи æрцыд, уыцы æфсæддонты къамтæ.

Дард афгайнаг хæсты тыххæй мысын кæны сармадзаны нæмыджы гилдз дæр. Уый ныр у фæлмæнзæрдæдзинады кассæ. Цы æхца æмбырдгонд æрцæуа, уый ратдзысты «афгайнæгты» бинонтæн æххуысæн, фæмардуæвджыты цыртдзæвæны арæзтады хыгъдмæ.

Вагон кусынмæ бацæттæ кодтой В. И. Ленины номыл трамвайты депойы. Уым бадынæн нс 38 бынаты. Ам батыхстысты, хæсты чи фæсахъат, уыдоны удæнцойыл дæр. Сæ инвалидон коляскæтыл сæ бон у бацæуын фæлмæнзæрдæдзинады трамваймæ. Ацы экскурси саразыныл зæрдиагæй бацархайдтой фæскомцæдисы Киевы горком, горæты совпроф, Киевы æфсæддон округжы афицертæ.

КЪАМЫ: фæлмæнзæрдæдзинады трамвай Зæронд вагзалы фæзы экскурсийы ацæуыны агъоммæ.

К. КОВПАКЫ нст къæм (СЦТА-йы фотохроникæ).

ÆДЗÆЛЛАГ УАВÆРЫ

Иу бон бабæрæг кодтон мæ мады æфсымæры ингæн, Ирыхъæуы аргъуаны кæрты цы уæлмæрд ис, уым. Раст куы заегъон, уæд ма ам уыдтæн къорд хатты. Раздæр уыдис хорз фæлтонцгонд, сыгъдæг, дыууæрдыгæй дæр йæ дуæрттæ уыдысты æхгæд æмæ йæм нæ уыд уæлдай цæуæг.

Ныр уæлмæрд ис æдзæллаг уавæры. Акæс, уæд дзы фендзынæ авджы сæстытæ, æндæр чъизитæ. Цымæ нæ Ирыстæнгæ лæгтæ ныгæд кæмсты, уыцы уæлмæрд æнæфснайд кæй у, уый Орджоникидзейы горæххæстæкомы бæрнон кусджытæй ничи зоны?

ГУЫБАТЫ Хъамболат.

ЦАС РАЙГУЫРД СЫВÆЛЛÆТТÆ

Республикæйы статистикон управленийы хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 1989 азы Ирыстоны райгуырд 11 мины æмæ 460 сабийы, уыдонæй фаззæттæ — 72.

Чысыл нымæцтæ. Æгас бæстæйы нæ республикæ уыцы хъуыддæгты ахсы фæстаг бынæттæй иу.

Управленийы кусæг Булацаты Индирæ куыд загъта, афтæмæй нæ республикæйы ацы азы æртæ мæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ райгуырд 2618 сывæллоны.

ГАЗЕТ «СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Номыры — æрмæджытæ, Уæлахизы 45 азы бæрæгбон Цæгат Ирыстоны куыд ацыд, уый тыххæй.

Номыры — М. С. Горбачевы доклад «Хæсты æмæ Уæлахизы уроктæ», репортажтæ Мæскуыйы æмæ горæт Орджоникидзейы æфсæддон парадтæй.

Журналист Сакъиты Эльбрусы очерк фыст у цыколайаг, хæсты ветеран. Сырх Фæзы парады архайæг Мæрзойты Раманы тыххæй.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

Газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ стыр хъыг кæнынц зындгонд богал, дунейы æмæ Европæйы цалдæр хатты чемпион

ХÆДАРЦАТЫ АСЛАН

æвирхъауæй кæй фæмард, уый тыххæй æмæ гæфæрфæс кæнынц йæ бинонтæн, хæстæджытæн.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг. 98, «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информацн — 5-35-92, 5-53-72.
- Письмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырыта— фондз хатты. Индекс — 53901, 1

ЕИ 01232. Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуыры сыфы. Тираж — 23.500 Заказ № 262

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи, 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.